


# KUCHERECHEDZWA

 Mungagara henyu pasi. Ndinokutendai zvikuru, hama, Hama Shores. Zviri...Zvirokwazvo ndinotora uno semukana mukuru kwazvo kuva pano manheru ano, mune... ino First Assembly of God, zvakare, kuti tiyanane paShoko raMwari, nemi vanhu vakanaka, kuti tive neHama yedu inokosha Shores zvakare, ne—nehama dzose dzatakasangana nadzo mukati mevhibi rose. Uye takava nenguva yakanaka kwazvo, mavhiki 2 apfuura aya.

<sup>2</sup> Handizivi kana ndakambova, mumakore, kana ndakambova nenguva iri nani kupfuura yandava nayo vhiki rino, yekuyanana nehama kupoterera nemuMaricopa Valley ino, nzira yose kubva kuMesa, zvichidzika, nezasi kusvika kuTucson, inova Jerusarema, honguka, iri pachikomo. Uye tinofara kushanyira hama dzedu dziri muno muJeriko, munoono, zasi kuno mu...zasi mujinga mechikomo. Ndanga ndichingofunga kuti zvichazofamba sei izvozvo.

<sup>3</sup> Uye saka pandaimbova kuno, makore mazhinji akapfuura, pakagara pachingova nekunetsana pakati peTucson nePhoenix. Saka, ndakangofunga nezvazvo rimwe zuva, munoziva. Vaiseka neni pamusoro pekumiririra Tucson. Zvino saka ndakafunga pamusoro pekuti, zvinoka, iri pamusoro pechikomo, uye Jeriko iri mumupata, munoziva. Saka ndakafunga kuti izvozvo zvaizova zvakanaka. Zvinoka, Tinobata VaNechepakati zvino, mumwe wacho ari kuuya zasi. Tinoda kushanda paari.

<sup>4</sup> Zvino, yanga iri nguva yakanakisa, sezvandiri kudzokorora, uye zvirokwazvo takaitirwa zvakanaka zvikuru.

<sup>5</sup> Zvino, tiri ku...takamirira tiine tarisiro huru pakonivhenisheni iyi iri kuuya ichatanga mangwana manheru. Tiri kutarisira nguva yakanakisa. Uye mune izvi ndakaedza kuisa, nenzira yangu yakaninipa yekuzviita nayo, nheyo, kuita sekuisa kumutsiridzwa pakati pevanhu, kuitira rumutsiriro rwuri kuuya. Uye zvino tine vatauri vakanakisa vari kuuya, kurumutsiriro urwu rwave pedyo zvino. Hama Velmer Gardner, ne—neimwe hama yechiMethodisti inofanira kunge iri mutauri akatanhamara, uye zvadaro, pakukombera kukuru pazviri zvose, vachange vari Hama yedu inokosha Oral Roberts, paMuvhuro unotevera manheru. Uye ndinovimba kuti Mwari vachapa hama dzacho mharidzo dzekuti dzichaisa Phoenix pamabvi ayo, ichidedera, mukutya Mwari.

<sup>6</sup> Uye takaedza zvakasimba, vhiki rino, ku—kuisa nheyo kuitira izvozvo, pakuonekwa munguva isipi kweMwanakomana waMwari. Uye ndiri kutenda, uye ndanga ndichidzidzisa, kuti zvinokwanisika chose kuti Anogona kuuya muchizvarwa chino

zvino, kunyangwe husiku huno. Hatitongoziva kuti ndiriinhi, asi tinoda kunge takagadzirira kwazvo kuti, kana kwazosvika, tichaenda naYe muKubvutwa.

<sup>7</sup> Yakava nguva huru. Ndanga ndichiparidza Mharidzo idzi dzakasimba nezveKuuya kwaKe, nekuedza kuisa ku—kukwanisika kwacho, uye nenguva iyo yatiri zvino kurarama mairi, uye kuti zvinhu zvose, pamaonero angu, maonero angu akaninipa, zvinongori muchimiro cheKuuya kwaShe, Kubvutwa, chinhu chinotevera. Uye zvese zvisati zvavepo, zvinogona kuitika mukati meawa imwe chete.

<sup>8</sup> Ndinotenda, zvizhinji, handizive kuti zvingani chaizvo, asi zviporofita zvizhinji zvaive zvisati zvaitika zvaiva nechekuita nekuzadziswa kwekuuya kwaMesiya nezvaAizoita, zvakazadzikiswa mumaawa 7 ekupedzisira ari pamuchinjikwa. “Kuti vakabaya sei rutivi rwaNgu, uye raNgu...hapana bvupa rakatyoka.” Uye—uye Akadanidzira, “Mwari waNgu, ko MaNdisiireiko?” Uye nezviporofita zvikuru, zvakangoitika, 1, 2, 3, 4, saizvozvo, zvakangosiyana, neawa 1 kana 2.

<sup>9</sup> Zvino, zvinogona kuitika nenzira imwe cheteyo pakudzoka kwaKe. Uye tinofanirwa kunge takapepuka, takamirira.

<sup>10</sup> Manheru apfuura ndakafunga kuti takava nenguva yakanakisa zasi ku—kuAssembly of God kuchamhembe kwepano. Ndinotenda kuti iSouthside, zvingangodaro, inonzi, Southside Assembly. Ndakasangana neimwe hama yakanaka yandanga ndisati ndambosangana nayo murwendo, sekurangarira kwangu, asi ihama yakakosha neboka rakanaka revanhu.

<sup>11</sup> Uye takataura pamusoro, ikoko husiku hwapfuura, imwe Mharidzo ye...yekuva naYe senzvimbo yekuzororera mugwenga, imwe nzvimbo, tichiMurangarira, zvose zvaAkanga aita, patinouya pamwe chete, takagara munzvimbo dzeKumatenga muna Kristu. Uye nokurangarira zvinhu zvaAkaita, nezvinhu zvaAkavimbisa kuzoita, Akavimbisa chaizvo kuti Ahasangana nesu. “Pose panoungana 2 kana 3 muZita raKe, kuti Achange aripo pakati pedu.” Zvino, ndakafunga kuti kuzvitonga kwaMwari kwakaritidzwa zvinoshamisa kwazvo paVakadzika pakati pedu chaipo, uye vakaZviratidza, kuti Vakanga vainesu ipapo zvakare. Zvinongozviita kuti zvive mazvirokwazvo, kuti tava pedyo nemagumo. Uye zvinhu izvozvo zvaVakavimbisa kuita, kumagumo chaiko, uye tinozviona zvakatarisana nesu zvino.

<sup>12</sup> Ndinofungidzira, zvichida, kuti vanhu vazhinji vari pano vanhu vaka—vakaponeswa. Uye ndisu vacho vari kunyengetera nekuisa kushingaira kwedu zvino kuitira musangano uri kuuya. Uye tinofanira kumanikidzira nezvose zviru matiri, uye nekuita zvose zvatinogona. Tova nechokwadi chekuti tataura nemutadzi wose panguva yekonivhenisheni iyi. Toenda kuna

muzvinabhizimu wese, nemunhu wese asina kuponeswa, neavo vasina Kristu, vasina Mweya Mutsvene. Tinoda kuenda kwavari neMharidzo, nemaendero eEvhangeri yakadzikama, yakasimba kuvanhu.

<sup>13</sup> Torega hupenyu hwedu hunyatsorongwa munyu, kuti vamwe vazogona kutarisa maitiro edu nekararamiro, kusvika pakuti vachada kurarama saizvozvowo, zvakare. Munoziva Jesu akati, “Muri munyu wenyika.” Asi kana munyu warasikirwa nehuchapupu wahwo, kurunga kwawo—kwawo, simba rawo rekukwezva, saka hauchakwanisi kupodza kana kuponesa. Munyu unoponesa kana uchinge wabata, uye tinofanirwa—tinofanirwa kuva kubata kwaMwari. Ndisu nzvimbo yaVo yekubata, saHama Roberts nguva zhinji vanotaura zvekuisa ruoko rwavo paredhiyo kana chimwe chinhu kuti chive chekubata.

<sup>14</sup> Zvino, munogona kundinzwa ndichitaura zvisinganzwisisike zvishoma manheru ano, asi husiku 3 kana 4 hwapfuura ndakatozotora izwi rangu repamusoro. Ini—ini. . . Rimwe racho rakanga rapera. Saka, ndiri kutaura zviri pamusoro pacho, zvakanyanya kubva kumusoro kwemukanwa mangu. Hazvisi zvekunyepedzera, asi ndinofanira kuzviita, kuita kuti chikamu chepasi chisarwadze. Munoziva, Mwari vanoita sekutigadzira neimwe nzira, yekuti, kana chimwe chikamu chikapera, tinogona kutora chimwe chacho. Mumwe munhu—mumwe munhu. . . Munoziva, zvachachengetwa.

<sup>15</sup> Uye mumwe munhu akandibvunza, mumwe, imwe nguva, akati, “Ko munofamba sei zvakaomarara kudaro nemumakomo nekumwe kwakadaro?”

<sup>16</sup> Ndakati, “Zvinoka, ndakadzidza izvozvo, kamwe kamuitiro, makore akawanda apfuura, kubva kumaIndia.” Maona? Unogona kufamba nemabvi ako, haushandise zvakanyanya, hudyu yako, uye worega hudyu yako ichizorora. Zvino wozofamba nehudyu yako, nenhano, uye worega mabvi ako achizorora, munoona. Saka unogozorora wofamba, wozorora wofamba.

<sup>17</sup> Ndiyo nzira yaunoparidza nayo, nekumusoro nekuzasi, kumusoro nekuzasi. Worega pamwe pachizorodza, pamwe pacho.

<sup>18</sup> Oo, Mwari vakaita chinhu chinoshamisa paVakagadzira munhu! Munoziva kuti sei? Waive mufananidzo waVo waVakasika nawo munhu. Uye saka chii chimwe chingava chinoshamisa kupfuura Mwari?

<sup>19</sup> Ndanga ndichiparidza zvakanyanya pamusoro pe—peKuuya kwaKristu muzera rino, ndafunga kuti zvichida chingava chinhu chakanaka manheru ano kuita sekugara pane zvimwe zvezvinhu izvi zvandanga ndichitaura nezvazvo, uye nokuunza ku—kurevesa kwechinhanu chezuva rino, pamberi pedu,

neEvhangeri, uye toona zvatiri, pachedu, kuti takagadzirirwa zvakadini nguva ino. Tinoziva sei? Ino inogona kunge iri iyo konivhenisheni yekupedzisira yekuti veBusiness Men ava vachazombova nayo. Munoziva, huno hunogona kunge huri husiku hwekupedzisira hwekuti First Assembly of God nemamwe machechi ese munyika yese achange akazaruka. Mangwana, zvinogona kuitika, ese anenge akavharwa. Hatizive. Ino inogona kunge iri iyo nguva yekupedzisira yekuti Bhaibheri rigoverengwa kuungano ino. Saka, ngatingoitei sekuzviongorora manheru ano uye toona patiri, kuitira kurevesa kwacho, kwechinguvana.

<sup>20</sup> Uyezve tichazenge, tichiedza kupedza nekukurumidza, kuitira kuti tigone kubuditsa vanhu uye torega kukuchengetai. Ndakataura kachitaurwa kane kuvirima vhiki rino, kuti ndi—ndinokuchengetai kwenguva refu nemuhusiku, kana ndikaziva kungopotsa basa kwezuya rimwe, izvozvo hazvingakukanganisei. Asi ndakati, “Mugovera manheru zvino, handikwanise kukuchengetai kwenguva refu zvachose, nekuti hazviite kupotsa Sunday school. Munofanirwa kunge muriko panzvimbo yenyu yebasa.” Saka, zvino, handisi kuzokuchengetai kwenguva yakareba manheru ano, nokuti zvirokwazvo ndiri kukudai ikoko mangwana manheru. Ndizvo zvatanga tichivavarira, nguva ino iyi yakanaka.

<sup>21</sup> Uye zvino namatirai hama dzose idzodzo dziri kuzotaura. Namatai kuti Mwari vazodze vatumwa vaVo. Uye nehusiku hwekupedzisira, naHama Oral; vakasarudzwa kuti vaise mukombero wekupedzisira pane zvese izvi. Ndinofunga nezvenguva yekupedzisira iyoyo, sekunge raiva zuva rekupedzisira remutambo apo Jesu akamira ndokudanidzira patemberi. Oo, dai tikazvinzwa zvakare. Dai Mwari vakadanidzira kwatiri, uye votidana kuuya parutivi rwaVo, vounganidza muChechi, vadzikinurwa vaVo, Mwenga waVo waVakatenga zvine nyasha neRopa raVo pachaVo. Uye tiri kunamatira magumo iwayo.

<sup>22</sup> Zvino tichatarisa kunaShe iko zvino mumunamato tisati tasvika paShoko raVo. Nokuti, munoziva, Shoko harina dudziro yepakavanda, saka ndinongofarira kuti Munyori aRizarure; uye torega kuva nezvatinoita maRiri, munoziva, kuitira kuti tigone—tigone kutenda kuti ndiYe ari kuzviita. Saka ngatikotamisei misoro yedu iko zvino. Uye—uye patinokotamisa misoro yedu, ngatikotamisei mwoyo yeduwo zvakare, tongokotamisa mwoyo yedu kuna Mwari.

<sup>23</sup> Zvino nemisoro yedu nemwoyo zvakakotamiswa, pane chikumbiro here mumoyo mako manheru ano, mugari pamweneni wemuHumambo, hama yangu mufambi? Imi muri kugara muno muPhoenix nedzimwe nzvimbo, isu taungana muhechi ino diki yakaisvonaka manheru ano kuti tiVanamate, pane chikumbiro here chaungada kuti Mwari vazive nezvacho?

Chibate mupfungwa dzako, uye wongosimudza ruoko rwako, woti, “Ishe, ngaave ini zvino manheru ano. Ndi—ndine chishuwo cha—chakaperera.” Dai iVo...Ndinoziva kuti Vachachiona. Vachachinzwa. Vachachipindura.

<sup>24</sup> Baba vedu veKudenga, tiri kuswera kwaMuri nekutenda zvino. Tiri kuzvibanidza pamwe chete, tichiisa minamoto yedu semunhu mumwe chete. Nekutenda tiri kubva pano, pana 11 naGarfield, uye tiri kukwira kumusoro nekutenda, kupfuura mwedzi nenyeredzi, kumusoro kuGwara reNzou, kupfuura mukati nemberi kwezviitiko zvepasi rino, kunosvika kuHupo hwaMwari. Uye ipapo paArtari parere Chibairo, uye maKerubhi nemaSerafimi ari kubhururuka napamusoro peArtari yaMwari, achidanidzira kuti, “Mutsvene!” Oo, inzvimbo yakadini yokumira! Asi neShoko iri rakanyorwa, neMwanakomana waMwari, kuti, “Kana tikakumbira Baba chero chinhu muZita raKe, Vachachipa kwatiri.” Uye ipapo Agere nenguwo dzaKe dzine Ropa. Mutengo wakatobhadharwa, kuti isu, vasina kukodzera, tigone kusvika kwaVari, sevanakomana nevanasikana, mushure mekunge tagamuchira Kristu seMuponesi wedu.

<sup>25</sup> Uye tinonamata, Baba veKudenga, manheru ano, kutanga, kuti mutiregere kusarurama kwedu, nezvose zvatakaita nekutaura, zvakanga zvisina kunyatsonaka pamberi peNyu. Uye, Mwari, tinoziva kuti zvinhu zvisingaverengeki zvatakaita. Tinzwireiwo tsitsi, Mwari, nekuti hatisi kungotaura zvinhu izvi kuti tinzwikwe, asi tiri—tiri kutaura zvinhu izvi mu—murudo, uye nemukuremekedza, nemukutenda kuti Mwari vachatinzwa uye vachapindura minamoto yedu yatinoitira vamwe neyedu isu. Munoziva zvanga zviri kuseri kweruoko rwumwe nerwumwe, vavairo nechinangwa.

<sup>26</sup> Ishe, tambanudza mapapiro eNyu makuru matsvene, tingati, manheru ano. Uye dai Hupo hweNyu hune chiremerera hwanzwicka kwazvo pakati pedu, manheru ano, zvekuti tigoty. Mwari, tinoda kungoziva nzvimbo yedu yepatakamira zvino. Tiri kuzviongorora, kuongorora hupenyu hwedu. Zvingangove kuti inguva pfupi Kubvutwa kusati kwasvika, kudanwa kwekuenda.

<sup>27</sup> Uye tiri kutarisira musangano uyu uri kuuya uko kuRamada mangwana manheru, uye tinoda kuongorora hupenyu hwedu pachedu manheru ano uye toona patiri kukundika, kuti tive midziyo muruoko rweNyu, ivhu rakaumbwa nekugadzirwa naMwari weKudenga, kuti tigokwanisa kutarisira muchitiko chikuru ichi chiri kuzoitika, chatiri kuita kwete nekuda kwechimwewo chikonzero asi kuitira Humambo nekubwinya kwaMwari. Ropafadzai kushingaira kwedu kuduku kwevhiki, Ishe, tichiedza kubvongodza, pakati pevanhu, kuti vacherechedze nguva yatiri kurarama.

<sup>28</sup> Taurai nesu manheru ano, kubudikidza nekuverengwa

kweShoko, uye dai Matora gwaro racho uye—uye mozarura chirevo charo nenzira yekuti Mweya Mutsvene unozotiita kuti tirizive. Uye rumbidzo yose ichava yeNyu. Tinokumbira muZita raJesu. Amenii.

<sup>29</sup> Sezvo vanhu vazhinji vanoda kunyora pasi magwaro, uye nekufunga nezvenguva dzavanoda kuzodzokera kwariri. Uye kazhinji, vashumiri, sezvandinoina, ini pachangu, ti—tinochengeta rimwe gwaro dzimwe nguva, kuti tizodzoka kwariri. Mumwe mushumiri akazombotaura nezvaro, uye isu... Imwe pfungwa diki inenge yabata pfungwa yedu. Uye tinoda kudzokera kwariri, dzimwe nguva, kuti titi, “Zvinoka, ndizvo... Ndaona chimwe chinhu pavanga vachiritaura.” Zvakanaaka.

<sup>30</sup> Zvino, tinoda kuverenga manheru ano, muBhaibheri, kubva mubhuku retsamba yaVaFiripi, Pauro achinyorera VaFiripi, muchitsauko 2, 5 kusvika 8. Tinoda kuverenga izvi kuitira chidzidzo, apo muchiverenga nesu, kana kutipa kuteerera kwenyu kuzere patiri kuedza kuRiverenga.

<sup>31</sup> Zvino, pamuri kuvhura panzvimbo yacho muMagwaro, ndinoda kuti ndakapihwa ini, hama yenyu, mukana wekutaura Svondo ino iri kuuya masikati pakonivhenisheni. Changa chiri chinangwa changu chokuva ikoko zvino kwevhiki rose, uye ndogara muungano pane imwe nzvimbo, kana kumwewo, ndichiteerera nekuzadza nekudyisa mweya wangu paShoko raMwari, apo hama dzedu dzichariunza, uye nezvapupu zvavanamuzvinabhizimu. Uye ndinotarisisira kukuonai mose ikoko. Musangano uriko masikati, saka machechi achange akavharwa, kwese-kwese, imi—munenge muchigamuchirwa zvikuru kuti muuye. Tiri kukutarisirai, iwoyo nemimwe misangano yese.

<sup>32</sup> Zvino muna VaFiripi 2:5, tinoverenga.

Regai pfungwa iyi ive mamuri, yaiva zvakare *muna Kristu Jesu*:

*Iye, ari muchimiro chaMwari, haana kufunga kuti hupambi kuenzana naMwari:*

*Asi wakazviita uyo asina mukurumbira, ndokuzvitorera pachake chimiro chemuranda, uye akaitwa nemufananidzo wevanhu:*

*Zvino akati aumbwa mumufananidzo womunhu, akazvinipisa, uye akateerera kusvikira parufu, kunyangwe rufu rwomuchinjikwa.*

<sup>33</sup> Dai Ishe vawedzera maropafadzo aVo pakuverengwa kweShoko raVo. Ndinoda kutora, kwemaminiti mashoma enguva yenyu, pane chandingaidza, kana chandingade kutaura, musoro wenyaya unonzi: *Kucherechedzwa*. Kucherechedza, kucherechedzwa wakafanana nevanhu

vemuBhaibheri! Kucherechedzwa wakafanana nevanhu vemuBhaibheri! Uye manheru ano, sezvandafunga, pandiri kusvika pane izvi, mushure mekunge vhiki rino tange tichitaura nezveKuuya kwaKe, uye kuti Chechi inofanira kuZvigadzirira sei.

<sup>34</sup> Nhasi pandanga ndakagara mukamuri, ndanga ndiine chimwe chinhu mupfungwa dzangu chandanga ndichida kutaura nezvacho manheru ano, “Chibairo chepamusoro-soro.” Asi, zvaita sokunge, Mweya Mutsvene waita sewandiendesa padivi kubva pane izvozvo, kuenda kune rimwe gwara remafungiro. Vashumiri vose vanoziva kuti ichocho chii, u—unofunga kuti une chimwe chinhu chaunoda kutaura, uye ipapo, kamwe-kamwe, unonzwa kuti unofanira kutaura chimwewo chinhu, zvichida chinopesana. Zvichida ndechemunhu mumwe chete. Handizive. Asi, ndakura zvakakwana muna Kristu, kuti ndizive kutevera kutungamira kweMweya. Zvinotaurwa neMweya kuti uite, zviite.

<sup>35</sup> Ndine chokwadi manheru ano kuti tinofanira kuzviwana pane imwe nzvimbo mune mumwe munhu wemuBhaibheri, kuitira kuti tizive mhedzisiro yemunhu iyeye uye toziva zvichazovewo mhedzisiro yedu.

<sup>36</sup> Zvinondirangaridza nyaya diki yandakambonzwa imwe nguva, yemu—mudzimai, akanga aunza mwanakomana wake mudiki kubva—kubva kunze kumaruwa kune imwe nzvimbo, uko kwavaigara, kuenda muguta, ku—kuzoshanyira ambuya vake. Zvino mukomana mudiki, achigara kumashure. . .

<sup>37</sup> Muchikamu changu chenyika, muKentucky, *maruwa* zvinoreva muimba yematanda pane imwe nzvimbo, ine mabhodhi emapuranga ekare pairi. Uye saka chiringiriro chedu, kumba, chaive chidimbu chechiringiriro chakakomererwa pamuti, uko, kunze, apo pane bhenji diki rekuwachira rakavakwa pamuti, pedyo nepombi yemvura, uko baba vaipomba mvura vogeza maoko avo, uye chidimbu chechiringiriro ipapo. Uye ndakaona Amai vakamira kunze uko vachikama vhudzi ravo, nokuti mumba makanga musina chiringiriro.

<sup>38</sup> Mukomana mudiki uyu anofanira kunge akakudzwa mumusha wakadaro. Zvino paakauya kuzoshanyira ambuya vake, vaiva ne—negonhi rekuti, kuseri kwaro, kwaiva nechiringiriro. Uye mukomana mudiki akanga aita sekusurukirwa. Zvino aingotarisa-tarisa kwese muimba. Zvino mushure mechinguva, zvakaitika kuti akatarisa nepamukova. Uye wakange wakavharwa, kubvira pavakapinda. Zvino—zvino muchiringiriro chaive parutivi rwake, akaona mumwe mukomana mudiki. Zvino akatanga kuenda kumukomana mudiki wacho, kuti aite hushamwari naye. Zvino paakatanga

kutarisa muchiringiro ichi, akaswedera pedyo. Zvino akatendeuka, akati, “Nhai zvenyu, amai, ndini uyo.”

<sup>39</sup> Uye ndizvo zvatinoda kutarisa pazviri manheru ano. Ndinoda kuzvitarisa, uye ndinoda kuti iwe uzvitarise. Zvino patinotarisa muchiringiro chikuru chaMwari cheShoko raVo, regai zvedu. . . ngatikwanisei kuzvifananidza nevamwe vatichatura nezvavo, vamwe vevanhu vemune dzimwe nguva. Uye ndinoda kuzviona pachangu mu—muchiringiro chaMwari. Nokuti, kana paine chimwe chinhu chingakuratidza pawakamira, iBhuku *rino*. Hakuna bhuku rakaita saRo, nokuti iRo rose iChokwadi. Handisi kuti mamwe mabhuku haasi echokwadi, asi ndi—ndinoziva kuti iRi ichokwadi. Rose iChokwadi, nokuti IShoko raMwari.

<sup>40</sup> Zvino, Jesu akatipa Muenzaniso wezvatnofanira kunge takatarisa, paAkaratidza Hupenyu hwaKe kwatiri kubudikidza neShoko, izvo zvatnofanira kuona. Kana tikatarisa muchiringiro chaMwari, tinofanira kuzviona tichifananidzwa naVo. Ndiwo Muenzaniso wakakwana.

<sup>41</sup> Zvino, asi tinoona kuti, patinofamba nemuhupenyu, kuti hunhu hwedu hunoumba mufananidzo watiri. Mumwe nomumwe anozviziva. Iwe, paunorarama, ndizvo zviriri hunhu hwako, hunokuumba kuva zvauro. Zvino, wakaona vanhu vokuti unongoda kuva pavari, asi vanogona kunge vasiri chaizvo mu—muchiyero chemararamiro ako munharaunda. Uye, zvakare, vanogona kunge vari verudzi rwakasiyana, vatema, kana vebhurauni, kana veyero. Asi pane chimwe chinhu pamusoro pemunhu iyeye, chokuti unongoda kuva muhupo hwavo. Nekuti munhu wega-wega i—igwenya remagetsi diki pachavo, uye iwe—iwe unoburitsa hupo.

<sup>42</sup> Uye wobva waona vanhu vaiva vanhu vanoremekedzeka, asi waigara uchifara kubva pavari. Zvingori kuti va—vanosika humwe hupo hwakadaro pauri. Hapana chaunopesana navo, vanhu vakanaka, asi haungofarire hupo ihwoho chete, ivo, vari. . . vari mahuri. Uye hunhu hwavo hunosika chero zvavari, hunovaita zvavari.

<sup>43</sup> Mwari pavakatarisa pazvisikwa zvaVo zvakarasiika, mushure mekunge Vazvigadzira nokuzviimba nenzira chaiyo yaVaizvida. . . Uye ndi—ndinoda kuzviona zviriri semagadzirirwe azvo epamavambo. Ndi—ndinoda zvekunze, nokuti, ikoko, zvinofanira kunge zviriri nenzira yaVanozvida nayo, kana kuti Vangadai vasina kuzviita nenzira iyoyo. Zvino tinouya tozvitsveyamisa, uye togadzira chimwe chinhu kubva mazviri zvisingaVafadzi. Asi, hunhu hwaVo hwerudo, hwakaumba; Mwari, vachiona kuti raVo—kuti zano raVo guru uye nekusikwa kwevanhu kuti vagare panyika, nekurarama murugare, uye vasingazombofo, vasingazomborwara kana kuva nekurwadziwa kwemoyo kana chero kunetseka zvako. Oo, inzira yakadini—

yakadini iyo Baba vakatigadzirira! Uye ndicho chaiva chaVo—ndicho chaiva chishuvo chaVo, chekuti tive saizvozvo. Vaisashuva kuti tive muchimiro chekufa sezvatiri. Ichi, uye nechi—chinhanho icho nyika iri machiri nhasi, hachimbori chishuvo chaMwari. Vakanga vasingarevi izvozvo, zvachose.

<sup>44</sup> Asi paVakaona kuti zvisikwa zvaVo zvakanga—zvakanga zvawa, zvino hunhu hwaVo pachavo hwerudo hwakaita kuti vaZviumbe muna iye Kristu Pauzima. Hunhu hwaMwari pachaVo hwerudo hwakaZviratidza muMunhu, Kristu. SaPauro achitaura pano, “Achifunga kuti hakusi kupamba, asi Achizvienzanisa, kuenzana naMwari, waro.” Maona? Hunhu hwaVo pachaVo hwakaumba mhando yeMunhu akadaro. Oo, hapana aigona kuzviita kunze kwaMwari. Izvi zvakaitwa kuti Vagokwanisa kubhadhara murango wekuwa kwezvisikwa zvaVo. Maona? Ivo . . .

<sup>45</sup> Panofanira kuva nechimwe chinhu chinoponesa chisikwa ichi. Uye hapana chaigona kuchiponesa, nokuti chisikwa chepamusoro-soro chezvisikwa zvaVo chakanga chawa, uye zvese zvaive pasi pachu zvakawa pamwe chete nacho, nekuti chakawa. Pane chinhu chimwe chete chasara, chisina kuwa, zvino vakanga vari Mwari, matenga. Saka chimwe chinhu chematenga chakatozouya pasi kuzodzikinura chisikwa ichi, nekuti pakanga pasina chinhu pano chaigona kuschisika. Uye rudo rwaMwari pachavo kunyika rwakasika hunhu hwakararatidzwa muna Kristu. Aive hunhu waMwari. Akanga ari mufananidzo waMwari wakararatidzwa. MaAri maiva naMwari, Mwari muna Kristu, vachiZvizarura kunyika. Uye hapana rudo runogona kupfuura rudo irworwo, kuti, Munhu akadaro anozova zvaAkaita, kuitira kuti—kuti adzikinure icho chakange chakarasika.

<sup>46</sup> Izvozvo zvinofanira, pfungwa iyoyo chaiyo ipapo chaipo, inofanira kuita kuti Phoenix nepasi rese kuti vanyare, kuona kuti chinhanho chakadini chatakawira machiri. Uye izvo . . . Mwari, vachiZviratidza, kuti vagadzire zano rerudzikinuro, kuti—kuti vadzikinure hunhu hwedu uhwu hwakawa.

<sup>47</sup> Izvi zvakaitwa kuti murango ubhadharwe, nokuti mu—murango wacho waiva rufu. Uye munhu aive pasi pemutongo werufu aisagona kubhadhara mutongo weanotevera aive pasi pemutongo werufu. Saka pakatozova nemumwe Munhu akauya akanga asiri pasi perufu, kuitira kuti agobhadhara murango wacho. Uye hapana mumwe aikwanisa kuuya kunze kwaMwari, nokuti ndiVo Vega vakanga vakasununguka kubva pamurango werufu.

<sup>48</sup> Zvino, naizvozvo, hunhu hwaVo hwokuda hwerudo, oo, kwatiri, zvi—zvinojekesa Johane 3:16. “Nokuti Mwari vakada nyika nokudaro Vakapa Mwanakomana waVo akaberekwa ari oga, kuti ani naani anotenda maAri arege kuparara,

asi ave neHupenyu Husingaperi.” Mwari, vachiZviratidza, ndokuva Munhu, kuti Vange vaine paVari chimiro chezvisikwa zvaVo. Nemamwe mashoko, Vakashandura tende raVo. Vakaritambanudzira pakati pevanhu.

<sup>49</sup> Uye Jehovha, ari mucheche, achichema ari muchidziro, mungazvifungidzirawo here? Zvinofanira kuvhundutsa moyo yevatendi. Uye izvozvo zvose zvakaitwa . . . Ungafungidzira here, Jehovha ari mwana mu—muchidziro, mu—mudanga remanyowa? Ungazvifungidzira here izvozvo? Ungafungidzira here, Jehovha muduku achitamba semu—semukomana? Muenzaniso. Mungafungidzira here, iYe semukomana wezera rekuyaruka? Ungafungidzira here, iYe ari muchitoro chakapenda? Uye ungfungidzira here, iYe mukuteerera kwakakwana kuna Mwari, achifa pamuchinjikwa, kuti adzikinure zvisikwa zvaKe zvakawa? Ndiyo mhando yerudo rwaiva naMwari. Zvino Vakatozova izvozvo, kuitira kuti vafe, kuti vabate rumborera rwerufu.

<sup>50</sup> Zvino, ndinotenda, husiku hushoma hwapfuura taitaura chimwe chinhu chakada kudaro, paVakauya. Uye Vakatumva vaporofita nevarume vakuru, uye Vakatumva Mosesi ne vaporofita, uye Vakapa mirawo. Asi vose ava vakanga vasingakwanisi kudzikinura, nokuti vakanga vachiri vanhu vari pasi pemurango worufu. Uye havana kukwanisa kubhadhara murango werufu, kunyangwe zvazvo vaiva mbiru dzekunogedza nadzo dzainogedzera kune Uyo akakwana aiuya, nokuti vakanga vasina kukwana. Asi Uyu paakaberekwa, Akazvarwa pasina chivi.

<sup>51</sup> Mwari, Jehovha, vakafukidzira mhandara uye vakasika Chizenga cheRopa, uye paakazvarwa, aiva Mwanakomana waMwari. Nemamwe mashoko, aiva tabhenakeri. Yaive nzvimbo yehugaro apo Jehovha vaigona kugara pakati pevanhu vaVo uye voZviratidza, zvaVaiva.

<sup>52</sup> Muenzaniso wakadini, kuti Mwari mutsvene vakaratidzwa sei, ndokubva vatora nzvimbo yemuranda, yokushambidza tsoka! Ndokutaura, kuti, “Shiri dzine matendere, uye ma—uye makava ane mwena, asi haNdina nzvimbo yekuisa musoro waNgu.” Zvino, muenzaniso wakadini! Ko hupenyu hwedu hwaizoratidza sei, kune hwaVo? Zvino Akaita muenzaniso wezvatinofanira kuita, kuti tinofanira kuva wakadini. Tinofanira kuMuona paunotarisa muchiringiro. Munoono Kristu, chiringiro cheShoko raKe, zvokutoti Akaita izvozvo nekuda kwerudo.

<sup>53</sup> Zvino takapa mutambo mudiki humwe husiku, waKristu achikwira Gorogota, uye kuti matsimba etsoka, eRopa raKe richiyerera richidzika nekumusana kwaKe, kwaAkange arohwa, nekuitirwa zvakaipa, uye nekukuvadzwa. Uye zvose izvi, nokuda

kwako. Akanga asina chivi. Akanga asina chivi, asi Akaitwa chivi nokuva chipiriso chezvivi.

<sup>54</sup> Uye zvino Mwari vakatozo—vakaZvizarura muhunhu hwaVo, muMunhu uyu anonzi Kristu, kuitira kuti vatore rufu paVari. SaJehovha, haVaigona kufa, saka VakatoZvisikira mutumbi. Uye hapana mudzimai aigona kugadzira mutumbi iwoyo. Saka hunhu hwaVo pachaVo. . . . Amen. Ndiregerereiwo. Pandinofunga nezvazvo! Hunhu hwaVo hwakabuditsa Munhu iyeye akaisvonaka waJesu Kristu. Hapana mudzimai aigona kumuunza. Amai vaMosesi, iye, Jokebhedhi, vaiva mudzimai mukuru, uye ndizvo zvaivawo Rabheka nemamwe madzimai akawanda, asi hapana kana mumwe wavo akakwanisa kubereka mhando yemunhu akadai, nekuti akauya kuburikidza nekusangana pabonde kwevanhu vakawa. Asi Mwari vakaburitsa mutumbi waVo pachaVo, nzvimbo yaVo yehugaro. Ndicho chikonzero Aiva Mwanakomana waMwari, nokuti hapana chimweze chaigona kuuburitsa. Asi hunhu hwaVo pachaVo hwaMwari hwakaburitsa tabhenakeri iyi, kuti Vazviratidze vari mairi.

<sup>55</sup> Asi, zvakadaro, AkaZvibvisa pachinhu chikuru chaAive. Uye pakuzvarwa kwaKe, Aigona kunge akauya neboka rose reNgirozi dzichifora. Aigona kunge akauya nengoro dzemabhiza neNgirozi dzeKudenga, asi Akauya nenzira yemudanga. Ndirwo rudo rwaKe—rwaKe, Achizviredza kusvika pasi-pasi.

<sup>56</sup> Zvino, nzvera hunhu ihwohwo zvishoma wobva wazvitarisa, neni ndozvitarisa. Asi, ndizvo zvaAiva, ndiye waAiva, uye ndosaka Aiva, kuti akuponese. Akatora. . . . Akava iwe, kuitira kuti iwe ugova iYe. Akatora mutoro wako wechivi.

<sup>57</sup> Naizvozvo, kana tauya kuzosangana naYe, hatizofaniri kumira. . . . Hataikwanisa kumira muHupo hwaMwari. Hapana nzira yekuti tizviite. Asi kana tamira maAri, munoona, Vakatocherechedza kare Chibairo. “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa waNdinofarira.” Vakazvicherechedza. Pakanga pasina chipomerwa paAri. Asi, zvakadaro, Akaedzwa semunhu wese. Asi zvakadaro, Akanyombwa. Akaitwa dambe naye. Akatambudzwa, kubva panguva yaAkazvarwa kusvikira panguva yaAkafa, asi zvakadaro Akadzorerera chakanaka pane chakaipa.

<sup>58</sup> Haugone, nechero nzira ipi zvayo, wakambova neHunhu hwakadaro; kusara, kwekungogamuchira Hunhu ihwohwo mauri. Chechi haigone kuita izvozvo. Chitendwa hachigone kuita izvozvo. Sangano harigone kuita izvozvo. Dzidzo haigone kuita izvozvo. Kunofanira kuva Kuzvarwa. Kunofanira kuva ku—kufa, nekurega Mwari vachipinda, nenyasha dzaKristu, kuumba mhando iyi yehunhu mauri, kuti ugova iYe, uye hupenyu hwako nehwaKe huri humwe chete, zvadaro muri vanakomana nevanasikana vaMwari.

<sup>59</sup> Zvino, paAikwira gomo, uye muchinjikwa waKe uchikweva nepane matsimba etsoka, oo, ndinoshuva ndaiva mupendi wemifananidzo, dai ndaiva, ndaigona kutaura kuitira kuti ndikwanise kukupenderai mupfungwa mufananidzo wacho weKarivhari, we nguva iyoyo inonyanyisa kutyisa yati yambozivikanwa nyenika, asi zvakadaro, vakanga vasingazivi zvaiitika, mamiriyoni akanga asingazivi.

<sup>60</sup> Zvino ndingashandura here mufananidzo iwoyo kune zvandataura vhiki rino? Tiri kupinda zvakare munguva ine njodzi, nguva inotyisa. Zvino Phoenix nyenika zviri kushamba, uye machechi ari kuzvishamba, muzvinhu zvenyika, uye nemukunanisira kweHollywood, mumwe achikunda mumwe. Uye nhengo dzedu dziri kuva dzemunyika. Zvinoita sekuti havanzwisise zviri kuitika, uye nekurevesa kwazvo, nechizaruro, chekuonekwa kweMwanakomana waMwari mumazuva ano ekupedzisira.

<sup>61</sup> Yaiva nguva yakaipa kwazvo iyi! Vaingoziwa kuti paiva negororo, riri pasi pemutongo werufu, rakanga riri kuzofa mangwanani iwayo. Ndizvo zvoga zvazvaiva kwavari.

<sup>62</sup> Ndizvo zvoga zvaIri nhasi, kuvanhu, pavanonzwa Mharidzo. “Mumwe murume mupengo; mumwe muumburuki mutsvene; kana mumwe mupengo wezvekunamata.” Zvino handisi kutaura kuti hapana mipengo yezvekunamata. Asi maizviziwa chete here kuti... Vanovadaidza kuti, “Vanhu vasinganzwisisike.” Zvino, teerera. Chero munhu upi anorarama zvakanaka munhu asinganzwisisike, kunyika ino yechimanjemanje. Tose tiri vanhu vasinganzwisisike, sokutaura kudaro. Uye regereraiwo matauriro emunyika aya, asi ndiyo nzira yoga yandinoziva kuti muchanzwisisa zvanidzi kutaura nezvazvo; munoona, angori uyo, munhu asinganzwisisike, akatsaurwa.

Jesu aive mhando yeMunhu akadaro.

<sup>63</sup> Vaporofita vaiva mhando yevanhu vakadaro, vakauya muzera apo zvinhu zvese zvakanga zvakaregedzeka. Zvino vaporofita vakauya vakabata zvinhu izvozvo zvakasarira, vakazvidzosa ndokuzvitsa pamberi pevanhu, ndokuvaudza, “Mwari wacho chaiye wamunoti muri kushumira achakuparadzai, nokuti makabva pahurongwa hwaKe. Ndiyo nzira chete yaAnogona kukuponesa pairi.” Zvino vanogara vari vanhu vasinganzwisisike.

<sup>64</sup> Uye, nhasi, patinonzwa Shoko raMwari richiuya, tinofunga kuti ndeRimwe tsotsi, mupengo, kana chimwe chinhu. Uye ikoko, kune zvakawanda zvazvo munyika: zvirongwa, zvekuita mari, kusava nehanya, vanhu vari pasi pemaonero uye— uye vachitaura sokunge vanga vari Ishe. Ishe vanogara vachiZvizivisa zvechokwadi. Maona? Uye cherechedzai.

<sup>65</sup> Asi, mune izvozvo, maiziva here kuti zvinhu zvose izvozvo zvinofanira kuuya? Zvirokwazvo. Ru—ruva rerozi rinofanira

kuva neminzwa yaro. Munyepfu mu—munzungu unofanira kufukidzwa nechikoko. Unofanira kufukunura chikoko kuti usvike pambeu. Tinongotadza kuona zvinhu izvozvo. Matombo anokosha, ma—ma—masimbi nematombo anokosha, nemari, sirivheri nendarama zviri mumakomo aya, zvakafukidzwa nevhu, zvakazara nemambara yendarama nezvimwe zvicherwa zvinofambirana pamwe chete nazvo. Tinozvitarisira izvozvo. Unofanira kuzvichera uzvibuditse. Kana mukorokoza akawana zvaanoti “motoro,” iguruva, asi riri . . . Vanoiona. Inofanidzira, imomo, pane nzvimbo ine bhande racho pane imwe nzvimbo.

<sup>66</sup> Zvino kana tichiona vanhu ava nhasi vari kuti Makristu, uye vachingorarama nechero nzira zvayo, chii ichocho? Imotoro iyoyo. Pane bhande racho chairo pane imwe nzvimbo. Patinoona mumwe munhu achiita sekunge ane Mweya Mutsvene, ivo vasina, uye vachirarama hupenyu hwakasiyana, hunongori humbowo hwekuti kune bhande chairo reMweya Mutsvene unogona kudururwa, unogona kupa zvinhu zvaWakavimbisa. Tinofanira kuva nehanya zvikuru nekuremekedza.

<sup>67</sup> Jesu, ari munzira yaKe kuenda kumusoro. Dhiyabhore aigara achiZvipokana izvozvo kuva ari anopfuura muporofita. Haana kutenda kuti Aiva Emanueri. Mwari vachiratidzwa muMwanakomana waVo pachaVo, iVo neMwanakomana waVo vari Mumwe, handiti, aisakwanisa kuzviona izvozvo. Ko Mwari, Musiki mukuru, vaizomira sei uye vorega mumwe munhu aVaudze, “Zvinoka, kana uri Mwanakomana waMwari, rayira matombo aya kuti ahandurwe kuva chingwa”?

<sup>68</sup> Uye Aigona sei, muchivanze chaPirato, apo . . . Regereraiwo kutaura uku; asi ndeapo zvinhu pazvaive zvakamuomera, sekuzvidana kwatingaita. Zvino hapo paAive nechidhende chakamonera kumeso kwaKe, ne—nemasoja echiRoma achimusvipira kumeso kwaKe, uye achidzipura ndebvu, uye Ropa richijuja. Uye aine korona yeminzwa pamusoro waKe. Uye atorohwa kare, uye Ropa raKe richiyerera zvaro richidzika nepamativi aKe. Uye Satani akatarisa izvozvo. Zvino vobva vaisa chidhende kumeso kwaKe, uye masoja ndokuMurova mumusoro nechimuti, ndokuchitambidzana, ndokuti, “Zvino, kana uchikwanisa kuona zviratidzo izvi, kana uri muporofita, zvino, iwe—iwe tiudze kuti ndiani akurova.” Zvino haAna kana kumbovhura muromo waKe. Saka vakafunga kuti . . .

<sup>69</sup> Satani akati, “Iyeye, haangavi Mwanakomana waMwari. Hazvitongogoni kudaro. Haangambobvuma kuitwa zvakadaro.” Asi vanakomana vaMwari vanotsungirira nechero chinhu chero bedzi vachiziva kuti vari kuita kuda kwaMwari. Uye ndizvo zvaAkauya kuzoita. Kutsoropodzwa!

<sup>70</sup> Zvino, neMharidzo yedu, tingamira here pachiringiriro cheShoko raMwari uye toona Kristu achiratidzwa muhupenyu hwedu isu zvino? Tingatakura here zvakadaro, nekuzvidzwa

kweMharidzo yatakamiririra pano? Mumwe munhu anogona kutaura chimwe chinhu pamusoro paYo, asi zvakadaro hautongozaruri muromo wako uye worega kutaura chinhu pamusoro pazvo. Akanga ari muenzaniso, nekuti Mwari vakanga vachiratidza hunhu hwaVo maAri. Uye zvakare kana tiri vanakomana nevanasikana vaMwari, Mwari vanoratidza hunhu hwaVo matiri, zvino tinova saVo. Ndicho chishuwo chemoyo wangu. Ndinofunga kuti ndicho chishuwo chemutendi wese, kufanana naVo zvakananyanya.

<sup>71</sup> Zvino munzira achikwira chikomo, Satani paakati, “Zvakanaka, rufu, zvino noziva kuti ndinewe kuti ndikuraire. Zvinoka hapo paAri. Takazopedzisira taMunetes. Zvakasvika panzvimbo yekuti iYe—Iye asvika kumagumo ekukwanisa kwaKe. Haachaziva zvekuita zvachose. Ave chishoreso pakati pevanhu. Mharidzo yake yakaenda nemhepo. Uye zvino hurumende yaMubata, uye Akundwa. Haasi Mwari. Dzika zasi uko wonyudza rumborera maAri. Mubvise muhupenyu.”

<sup>72</sup> Uye munzira achikwira chikomo, nyuchi payakatanga kunziririka paAri. Asi ndosaka Aitofanira kuva anopfuurira kuva munhu. Kana dai Aiva munhu, kana kungova muporofita, kana chimwe chinhu chisiri Mwari, kana dai Akanga akadaro, rufu rwungadai rwakaMuruma uye Angadai akarara muguva.

<sup>73</sup> Asi nyuchi yerufu yakaita sechero chimwe chipembenene chine rumborera. Kana chikangonyudza rumborera rwacho zvakadzika, mazuva acho ekuruma apera. Chinodzipura rumborera rwacho.

<sup>74</sup> Zvino, chero bedzi nyama yemunhu yaiva muchi—chimiro chechivi, chakaberekwa nekusangana pabonde pasi pechituko, zvino rufu parwakaruma nyama iyoyo, rumborera rwaigona kudzoka rwonoruma mumwe.

<sup>75</sup> Asi parwakaruma nyama *iyoyo*, zvakadzupura rumborera rwaro. Harwuchisina rumborera. Aive Mwari munyama, achigara mumutumbi pakati pevanhu. Mazuva arwo ekundurira akange apera. Ndicho chikonzero Mwari vakatoZviratidza mumutumbi, unova iwo, watinoziva seMwanakomana waMwari, Jesu Kristu. Uye Akazviita kuitira kuti Agokwanisa kubvisa murango wacho.

<sup>76</sup> Nokuti, munooona zvino, tave kuenda kune chimwe chikamu cheGwaro. Asi munooona zvino kuti sei Murume iyeye aiva achipfuurira kungova mudzidzisi, sekutaura kwevanhu kuti ndizvo Ari nhasi, muzvina zivo, kana Murume akanaka, kana muporofita. Aive Emanueri. Aive Mwanakomana waMwari, anova Jehovha Mwari vachiratidzwa muhunhu hwaVo hwekuZviratidza vari mumutumbi waVakagadzira, pachaVo. Amen. Zvakaratidza. Uye hunhu hwechivi hwemunhu hahwaigona kuita chinhu chaVakaita. Maona? Saka vaitofanira kunge vari Mwari vari kuita zvaVo. . . vachizviratidza pachaVo

muMunhu, vachigadzira chiringiro, kuti tikwanise kuona Munhu iyeye akakwana, anova Kristu. Hongu.

<sup>77</sup> Izvi, kuita izvozvo, zvakaraidza hunhu hwaVo hwakanaka, hwerudo. Munoono, maVari maiva nehunhu hweMuponesi, uye hwaifanira kuzviratidza. Uye haVaigona kuva Muponesi uye vobva vava munhu akazvarwa nenyama. Vaifanira kupfuurira kuva munhu. Uye Vaive vari. Ndivo Vega vaigona kuita izvi, zvekuti Vaive vasina chivi pamasikirwe.

<sup>78</sup> Vakanga vari Mwari muShoko. Zvino, Mutsvene Johane, chitsauko 1, inozvitsanangura. “Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama.” Mwari vakava nyama paVakamiririra, kana kuti paVakaZviratidza panyika, vari muchimiro cheMwanakomana waVo, Jesu Pazuma, Mwanakomana waMwari. Mwari vakaZviratidza muMunhu iyeye.

<sup>79</sup> Jesu haana here kuti, “Baba vaNgu neNi tiri Mumwe. Baba vaNgu vanogara maNdiri. Handisi iNi ndinoita mabasa. NdiBaba vaNgu. Vanogara maNdiri. Handina simba pachezvaNgu. Vanoita izvozvo.” Chitubu chaMwari cheShoko, chakaraidzwa! Amen. Ndinonzwa chipentekosti. Hongu.

<sup>80</sup> Akanga asina chivi pahunhu, uye ndicho chinhu chega chaigona kuratidza Mwari iyeye asina chivi, Shoko, Shoko riri Mwari. Zvino shoko ipfungwa yaraidzwa. Zvino Mwari pavakafunga nezvemubereki, Vakaraidza pfungwa yaVo, uye—uye Kristu ndiye aiva kuratidzwa kwaMwari. Amen. Mazviona here? Akanga ari kuratidzwa kwaMwari, kuti Mwari vagova isu uye vogorarama sekurarama kwatinoita, asi vachiraidza zvakanakwana zvinofanira kunge zviru munhu akakwana, zvakanatsokwana. Akanga ari Shoko raMwari rakaraidzwa uye rikanyatsosimbiswa, nokuziviswa. PaAkamira pano panyika, Akati, “Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, saka musaNditenda.”

Zvino Akati, “Ndiani wenyu angaN dipomera mhosva yechivi?”

<sup>81</sup> Ndinoda kukuzarurirai izvozvo zvisihoma, kana zvichitenderwa. Munoono, *chivi* “kusatenda.” Pane zvinhu 2 chete, nzira, dzaunogona kurarama nadzo. Imwe yacho kutenda, uye imwe yacho kusatenda. “Uyo asingatendi akatotongwa kare.” Kuputa, kunwa, kuita hupombwe, kunyepa, kuba, kutevedzera kwepanyama, zvinhu izvozvo zvisibereko zvekusatenda. Dai wanga uri mutendi, waisaita zvinhu izvozvo. Kwete. Unozviita nokuti hausi mutendi.

Oo, iwe—iwe unoti, unoti, “Oo, asi ndiri mutendi.”

<sup>82</sup> “Asi nezvisibereko zvavo muchavaziva.” Maona? Zviito zvako—zvako zvinotaura zvinonzwika kupfuura zvinoraidzwa nekupupura kwako. Maona? Paunopokana Shoko raMwari,

woRitora sechinhu chakasopfuura, kana kutora rimwe bhuku panzvimbo paRo, uye uchiti, “*Iri rakangofanana neiRo,*” zvinoratidza kuti hausi mutendi. Ndizvozvo chaizvo. Iwe—iwe hausi. Uye kana waivepo, saka unozotenda Shoko raMwari. Raizo. . . AizoZviratidza kuburikidza nemuShoko raKe.

<sup>83</sup> Zvino, Akanga ari Shoko raMwari rakaratidzwa. Uye Akati, “Zvino, kana musingagoni kuNditenda,” akati, “tendai mabasa aNdinoita. Nzverai Magwaro, nokuti maAri munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi. Uye ndicho chinhu chaicho chinotaura kuti Ndini Ani.” Oo! Handizive kana. . .? . . . “Munoona, ndiWo acho anotaura kuti ndiNi Ani. Magwaro anotaura kuti ndiNi Ani.”

<sup>84</sup> Zvino regai ndizvitore mberi zvishoma, mungadaro here? Magwaro ndiwo anotaura zvauri. Iwayo anoratidza iwe uye anoratidza ini. Magwaro anotaura zvatiri. Anonzwika zvakanyanya zvekuti inzwi redu haritombonzwikwi. Hupenyu hwedu hunotaura zviri pamusoro kudarika inzwi redu, munoona, uye inzira yaMwari yekutiita kuti tione zvatiri.

<sup>85</sup> Jesu akataura zvimwe chetezvo. “Ndiwo aCho anopupura nezvaNgu. Anoratidza zvaNdiri. Uye ndiani wenyu angaN dipomera mhosva yekusatenda, chivi? Kana ndisina nemazvo. . .” Teererai, ndiri kutaura nezvekuzvitarisa iwe pachako. “Kana Ndisina kuZvzivisa zvakakwana kuva izvo Shoko rakataura kuti Ndaizove!”

<sup>86</sup> Handizive kana isu Makristu tingagona kufunga izvozvo manheru ano. Handizive kana tingagona kutarisa muchiringiriro chaMwari, chezvinodikanwa kuMukristu, uye tozvzivisa nenzira iyoyo. Handizive kana tingagona. Handizivi kana tikakwanisa kuzvibanidza manheru ano naJohane 3:16, uye, oo, nedzimwe mhando dzose dzeMagwaro; Marko chitsauko 16, nedzimwe nzvimbo dzose idzi, dzokuti, uye neumo muna—muna VaGaratia, ndinotenda, ne—nenzvimbo dzakasiyana, VaTesaronika Vechipiri, apo michero yeMweya, nezvimwe zvakadaro. Handizivi kana tichigona kuzvibanidza.

<sup>87</sup> Jesu akati, “Ndiani wenyu angaN dipomera mhosva, kuti haNdina kuita nokuburitsa chaizvo—chaizvo zvakataurwa neMagwaro kuti Ndaizoita.” Hapana aigona kutaura shoko, nekuti Akanga anyatsozviratidza pachaKe.

<sup>88</sup> Uye ivo, sezvavanoita nguva dzose, mutendi wekabanga akanga aMuzivisa saBherizebhabhu, mweya wakaipa. PaAkaZvzivisa mukunzvera mweya, kuti Aive Mesiya, vakabva vati, “Mweya wakaipa uri maAri, uri kuita zvinhu izvi.” Saka, munoona, Akasimbiswa zvakakwana. Hapaigona kuva nemhosho.

<sup>89</sup> Mudzimai mudiki uya patsime haana—haana kana kukanganisa. Akati, “Changamire, tinoziva, kana Mesiya auya, Achaita zvinhu izvi, asi ndiMi Ani?” Mudzimai. . .

Akati, “Ndini iYe.”

<sup>90</sup> Zvino Munhu aikwanisa kuita chinhu chakadaro zvirokwazvo aizotaura Chokwadi. Chokwadi chaMwari chaiva naYe. Zvino vakarairwa, kana muporofita akasimuka uye—uye akaita, akataura chimwe chinhu, uye zvaataura zvikaitika, aicherechedzwa semuporofita. Zvino mudzimai akanga aMucherechedza semuporofita, ndokubvunza kuti Aive Ani. Zvino Akamuudza, zvakabva zvapedza nyaya yacho. Akamhanyira muguta ndokuti, “Huyai, muone Murume Andiudza zvinhu.” Pakanga pasina kukanganisa pazviri.

Firipi haana kukanganisa.

<sup>91</sup> Kunyangwe, apo, Natanaeri, waro, apo Firipi akanga aedza kumuudza zvakanga zvaitika paAkasangana naSimoni, asi, Natanaeri paakauya, akanga ari mukupokana zvishoma.

<sup>92</sup> Asi paakaona Jesu, zvino Jesu akati kwaari, “Tarirai muIsraeri, asina nduru.”

Akati, “Rabhi, Makandiziva rinhi?”

<sup>93</sup> Akati, “Firipi asati akudana, Ndakakuona.” Ipapo—ipapo pakanga pasina nzira zvachose yekukanganisa.

<sup>94</sup> Akati, “Rabhi, ndiMi Mwanakomana waMwari. Ndimi Mambo weIsraeri.”

<sup>95</sup> Jesu akati, “Nokuti Ndakuudza izvozvo, unotenda. Unogona kuona zvikuru kupfuura izvozvo zvino.”

<sup>96</sup> Hunhu hwaKe husina chivi hwakararatidza Shoko raMwari. Maona? Akanga ari Shoko, saka Mwari vakaZviratidza nehunhu ihwohwo husina chivi.

<sup>97</sup> Regai ndimbomira pano zvishoma. Handidi kukuchengetai kwenguva yakarebesa, asi zvinongoita sezvakanaka kwazvo, kwandiri, kutaura nevanhu.

<sup>98</sup> Cherechedzai, munoona, hunhu hwaKe husina chivi hwakararatidza zvaAiva. Iye, zvino, kana hunhu hwaKe husina chivi, Mwari vakaZviratidza nemuhunhu ihwohwo husina chivi, zvinoratidza kuti hunhu hwedu hwakaipa. Uye zvisinei kuti tinoedza sei kuhugadzirisa-gadzirisa, kana kuti tinoedza sei kunyatsohurovedzera nezvimwe zvinhu, hunofanira kusava nechivi sezvaive hwaKe, uye Shoko raMwari rinobva ragona kuyerera nemahuri.

<sup>99</sup> Hazvireve kukwana pachezvako. Haugone kuva izvozvo. Asi, munoona, kunyangwe vanhu vedu vari kubva patsika dzehutsvene. Takatanga kuregedzera pane zviyero zvakawanda kwazvo. Maona? Tinofanira kusvika panzvimbo iyoyo yekupupura kwedu. Ndiye muenzaniso wedu, uye ndiYe Mutakuri wezvivi zvedu. Uye zvakare kana tichipupura kuti ndiYe mupi weRugare rwedu, ndiYe Yananiso yedu, zvino kana tichipupura izvozvo, zvino zvinofanira kuMuratidza zvakare

matiri. Uye tiri tsamba yakanyorwa, chiringiro, chekuti vanhu vanogona kuona Kristu matiri. Uye zvino, kana vakasadaro, zvino tiri—tiri—tiri kutarisa pane chimwewo chinhu, uye hatisi kutarisa kwaAri. “Tarisai kwaAri, magumo ose enyika, mugorarama.” Nzira yoga yaunokwanisa.

<sup>100</sup> Hwake huzere zvivi...hunhu husina chivi hwakaratidza Shoko raMwari, zvakanyanya, zvekuti iYe neShoko vaive Mumwe. Akataura kudaro. “Ini naBaba vaNgu tiri Mumwe. Ndinogara ndichiita izvo zvinofadza. Ini naBaba vaNgu tinongori Mumwe.” Aive akakwana kwazvo ari mumufananidzo waMwari kusvikira iYe naMwari vaive chinhu chimwe chetecho chakaratidzwa. Akanga ari nyama, Mwanakomana, akaratidza Humwari hwaMwari. Saka zvakaMuita Mwari muMunhu, kuitira kuti agodzikinura munhu. Maona? Iye neShoko vaive Mumwe. “Pakutanga kwaiva neShoko, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama.” Saka, iYe neShoko vakava Mumwe, kuti Shoko rigone kuratidza uye rigone kuratidza kunyika Muenzaniso iwoyo wezvinofanira kuva zviri munhu.

<sup>101</sup> Uye munhu haagoni kuva zvakadaro pachezvake. Hapana nzira yekuzvidzidzisa kwahuri. Hapana nzira yekuhujoinha. Hapana nzira yekuhubhabhatidza nayo. Hapana nzira yekuita chinhu kwahuri, kunze kwekungohuuraya.

<sup>102</sup> Uye hurege huberekwe patsva, uye Hunhu hutsva hunopinda. Ndiyo nzira chete, uraya hunhu hwako ihwohwo, kuti ugove...Zvino Shoko rinobva rava chinhu chipenyu, RinongoZviratidza nemauro. Maona? Zvino wakatarisa muchiringiro, apo vanhu vanokuona sechiringiro. Nokuti, unoziva, Mwari vakagadzira nzira. Vanhu havaverengi Bhaibheri, saka Mwari vakakuita Bhaibheri. Uri. Zvaunoita, vanhu vakakutarisa.

<sup>103</sup> Mwari vakatumira zviriringiro zvaVo, kuratidzwa kwekuratidzwa kwaVo—kwaVo—kwaVo pachaVo muvaporofita, nokuti Shoko rakauya kuvaporofita. Zvino vakaratidza Mwari imomo, zvakadaro, muchiporofita chavo chavakapihwa naMwari.

<sup>104</sup> Uye zvino Mwari vanoZviratidza kuburikidza neMwanakomana waVo, Kristu Jesu, apo Anotipinza imomo sevana vakagadzwa humwana, uye voisa Mweya waVo matiri, uchidanidzira, “Abha, Baba.” Maona? Kana, nemamwe mashoko, “Mwari wangu, Mwari wangu!” Maona? Zvino Mweya Mutsvene uri matiri, Mweya waKristu uchiratidza Jesu Kristu, zvino vanhu vanokutarisa. Maona?

<sup>105</sup> Zvino kana vachiona hunyengeri nezvose, ndosaka, tarasikirwa neSimba redu. Munyu warasikirwa nekurunga kwawo.

106 Oo, hapana humwe hunhu hwaigona kuita izvi. Kwete. Nekuti, Aiva hunhu hwaMwari hwakakwana hwakaumbwa.

107 Nekuti, hwaiva hunhu hwakawa hwaiva nezvisikwa zvese. Vanhu vese vaiva nehunhu hwakawa. Kunyangwe zvese zvaive pasi pemunhu zvakawa. Zvinhu zvese zvine hunhu hwekufa.

108 Zvino Vaiva nehunhu hunorarama, saka Vakahuratidza muna Kristu, uye Akabhadhara mubhadharo wacho. Uye zvakare nokuda kwekuteerera kwaKe, VakaMumutsa nezuva retatu. Maona?

109 Uye zvakare Anotipa, zvinotipa hu—humbowo, zvinotipa kugutsikana, kwekuti, chero bedzi tiri maAri, takatomutsa kare pamwe naYe. Hatizomuki pamwe naKristu; takatomutsa kare pamwe naKristu. Ndizvozvo. Tiri muna Kristu zvino. Uye kana Kristu akamuka kubva kuvakafa, hatina kumutsa here kubva kuvakafa pamwe chete naYe? Amen. “Zvino takagara pamwe chete munzvimbo dzeKumatenga maAri.” Oo, ini zvangu! Zvinofanira kuita kuti imi maPresbyteriani mudanidzire. Uh-huh. Hongu. Zvirokwasvo. Mifananidzo yaMwari yakaratidzwa, yakaumbwa muchimiro chaKristu, yokuti nyika inogona kuMuona mauri. Ndicho chiringiriro chekutarisa pachiri.

110 Hapana chimwe chisikwa chaigona kuzviita; chakanga chawa. Zvino Mwari vakazivisa, tarisai, Mwari vakaZvizivisa seMunhu, ndokutora paVari chimiro chechivi. Zvino, asika, kwete chivi, asi chimiro chechivi, kuitira kuti Vagotoro chivi chemutadzi, munooona, uye vogobhadhara muripo wacho, nokudzorera mutadzi Hupenyu hwaiva nahwo asati awa. Oo, ini zvangu! Rudo rwakadzi rwakaratidzwa naMwari kwatiri! Maona? Pafungei ipapo.

111 Uye zvino rangarirai, mushure mekunge Jesu aita izvi, apo pasina mumwe munhu aigona kuzviita, tinokokwa. Zvino, chechi, fungai pamusoro peizvi kwechinguvana. Tinokokwa kuti tiombe hunhu hwedu isu kuti hufanane nehwaKe, nenyasha dzaKe. Tinokokwa, pafungei ipapo, kuti tigova hunhu hwakaita sehwaKe. Kana tagadzirira kuisa hunhu hwedu pasi, nekuumbwa kwatakave nako, “Vane misoro mikukutu, vanokarira zvepamusoro, vanoda mafaro kupfuura kuda kwavanoita Mwari, vapomeri venhema, uye vasingazvidzori, vanozvidza avo vari kuedza kuita zvakanaka, vaine mufananidzo wehumwari asi vachiramba simba reShoko.” Ko Mwari vangauya sei munzvimbo yakadaro, kana vachiramba Shoko? Apo, Vachirinda Shoko raVo, kuti vaRisimbise, voRiita kuti riitike. Uye Shoko rinosundirwa kunze, VangaZvibatidzwa sei nechimwe chinhu chakadaro?

112 Tinofanira kutora Vhangeri rose, rakazara. Tinofanira. Uye zvino, nokuda kwekuti tazvizivisa sevanhu veVhangeri rakazara, ngatiumbei hunhu hwedu. Tinokokwa kuzoumbwa

mumufananidzo waKe, kuti tigoratidza Hupo hwaKe. “Uye mabasa aNdinoita, nemiwo muchaaaita. Hupenyu hwaNdinorarama, nemiwo muchahuita.” Tinokokwa, naMwari, kuti tiMutore seMuenzaniso, uye torega hunhu hwedu huchumbwa sehwaKe. Chinhu chakanaka! Ini zvangu!

<sup>113</sup> Zvino, patinorega hunhu hwaKe huchiva matiri, zvino tinobva tava vanakomana, nokuva nepfungwa yaKristu, pfungwa, inova iyo hunhu hwaKe. Pfungwa yako inogadzira hunhu hwako. “Rega pfungwa,” Pauro akati, “yaKristu, pfungwa iyoyo yaive muna Kristu, ive mamuri.” Rega pfungwa iyoyo yaKristu ive mauri. Inoumba hunhu hwemwanakomana waMwari. Zvino, sei . . .

<sup>114</sup> Chingoteererai kwekanguva. Ko tingava sei nepfungwa yaKristu yaiva maAri, uye tobva taramba zvinhu zvaAkatiraira kuti tiite? Tingaisa sei zvishamiso munguva yakapfuura, apo Kristu chaiye pachaKe aiva Mwari, uye Mwari mauri. MuHupo hwaMwari, munogara muine zvishamiso. Akati, “MunoNdidaidza kuti ‘Ishe.’ Sei muchiNdidaidza kuti ‘Ishe,’ uye musingaiti zvinhu zvaNdakakurairai kuti muite, Ndakakurairai zvokuti muite?” Hamuoni here kwatasvika, uko chechi iri kutsauka? Uye ndinozviona izvozvo zvakanyanya pakati pemaPentekosti edu, zvakare. Tiri kutsauka zvakanyanyisa kubva patambo yeHupenyu iyoyo. Tinofanira kudzoka kune izvozvo, shamwari, kudzoka, nekuti tava kukura zvino.

<sup>115</sup> Ndinoona kuti Business Men’s publication ndiyo hurusa yacho, sezvaingori pamwe seiyo ina Oral Roberts. Uye ndinoona kuti patinenge tava kukura, ipapo tinobva tatanga kuita zvinhu zvikuru, munoona, sezvakangoita Israeri. Uye tinotanga kuita sekunge takangofanana neva—vamwe vavo. Rangarirai, “Muri vanhu vakasiyana. Muri rudzi rutsvene, huprisita wehumambo, vanhu vane musiyano.” Handiti, isu maPentekosti tasvika pekuti hatichisiri vakasiyana nevamwe vese pasi rose. Tinongopfeka, toita, totaura, toenda kunoita zvinhu zvavanoita; tomhanya kumba, toona terevhizheni, pachinzvimbo chekuraamba tiri kuchechi; uye zvinhu zvimwe chete zvavanoita, nezvazvo. Tiri kuedza kukwikwidza, tichiedza kuita sevanaJones. Maona? Hatidi kuita izvozvo.

<sup>116</sup> Tinoda kuva, toita kuti Bhaibheri iri rive chiringiro chedu, uye tozvirega tichumbwa nehunhu hwaKe; tichiva nehunhu hwaKe, pfungwa yaKe, tichirega pfungwa yaiva muna Kristu ive matiri. Pfungwa yaKe yaigara iri . . .

<sup>117</sup> Pfungwa yaKe yaive yekuitei, pfungwa yaive muna Kristu? Kugara nguva dzose achigara neShoko raBaba. Zvisinei nechaitaridzika zvinoyevedza, nechaitaridzika sezvizvi, hazvaiita kana musiyano zvawo kwaAri. Shoko raBaba ndiro raikosha. Kwese-kwese, paAkasangana nadhiyabhore, haAna

kana kumboshandisa simba raKe kumukunda. Akashandisa Shoko, nokuti rakanga riri iYe.

118 Makambofunga here? Haana kumbonyora bhuku paAiva panyika. Sekuziva kwedu, haAna kumbobvira anyora asi kamwe chete. Maive mujecha. Akabva azozvidzima, zvichida, mushure mazvo. Sei Asina kunyora shoko rimwe? Nokuti Aiva Shoko. Maona? Akararama Shoko. Hatidi mabhuku akawanda kwazvo, kana wave tsamba yaMwari yakanyorwa. Maona? Maona? Ndizvo zvinodiwa naMwari kuti uve, mifananidzo yaVo.

119 Munoziva, munyika yevahedheni, kuti vahedheni vanomisa sei chimupunzo uye vanoZvambarara pamberi pechimupunzo chacho, uye vozvipinza mumanyawi chaizvo kusvikira vanotenda kuti vanogona kunzwa chimupunzo ichocho chichitaura kwavari. Ndezvepfungwa, asi zvinopesana kwazvo neChokwadi chaMwari.

120 Mwari vanoda iwe. Havadi chimupunzo. Uri mufananidzo mupenyu waMwari. Uye unozvambarara pamberi paMwari, zvino Vanokuzadza naiVo, uye unoVaratidza sechiringiriro, Chechi yaVo.

121 Mutsauko wakadini watinawo. Tinoda kuva sePresbyteriani, Methodisti, uye tokwira kumusoro-soro. Uye zvinhu zvese zvinofanira kunge zvakakwenenzverwa uye zviru zvepamusoro. Uye tave potse kutongovawo takaipa saizvoZvo. Maona? Maona? Tine . . . kubva pamutsara uya wakatarwa. Dzokai, chechi. Ndine shungu nemi, nokuti Kuuya kwaShe kwave pedyo. Rega Ave mufananidzo wako wakararatidzwa, achiZviratidza mauri, nokuti Aigara achiita chaizvoizvo Shoko raMwari.

122 Ndizvo zvakaitwa neVaporofita, mumwe nomumwe. “Shoko raShe rakauya kuvaporofita.” Uye ndiwo maziviro avaiita kuti vaive vari. Mosesi, Shoko raShe rakauya kuna Mosesi. Kunyanya . . . Shoko raShe rakauya kuna Noa. Shoko raShe rakauya kuna Dhanieri. Shoko raShe rakazviratidza pachaRo kuburikidza nevana vechiHebheru. Chaiva chii? Apo vanhu, vezera ripi zvaro, vakatora Shoko raMwari, zvino Mwari vakabva varatidza Shoko iroro kwavari.

123 Noa aive mufananidzo nechiratidzo chekutonga kwaMwari kuri kuuya, zvino akaratidza Shoko. Uye nekugara neShoko, Shoko rimwe chete raakaratidza, rakapomera nyika uye rikaponesa imba yake iye.

124 Dhanieri akanga atsungwa mumoyo make, akanga asiri kuzozvisvibisa nenyika. Uye zvakaiti? Zvakaponesa hupenyu hwake. Vana vechiHebheru, nenzira imwe cheteyo.

125 Uye munhu wese akamboshumira Mwari, akava mufananidzo waMwari, akanga ari Mwari vachiratidza Shoko raVo pachaVo nemavari. Nokuti, vana vechiHebheru vakati, “Mwari vedu vanogona kutidzikinura.” Vakanga vasina chizaruro chazvo, chinopfuura izvoZvo. “Asi,” vakati,

“zvisinei, hatisi kuzopfugamira chimupunzo chenyu.” Chaiva chii? Vairatidza kutenda kwavo muShoko raMwari. Zvino Mwari vakaZviratidzazve ndokupa chadzera, zvino Vaive Murume wechina wavakaona, muchiringiro imomo. Mwari, vachiZviratidza kuburikidza nemifananidzo yaVo mipenyu! Oo, ini zvangu!

<sup>126</sup> Zvino ngatitarisei mu—muchiringiro chaMwari, Shoko, uye tigochedza hunhu hwedu hwazvino. Zvino, ndingangokutswinyai zvisihoma.

<sup>127</sup> Handisi kuzitora nguva yakawanda. Oo, ini zvangu! Handina kuziva kuti nguva yaperera kudaro, quarter past. Handina wachi pano.

<sup>128</sup> Ndakatarisa imwe husiku hwapfuura, ndikaparidza kuda maawa 2. Ndakafunga, “Ini zvangu, dzingori 7 o’clock. Ndiri kuita zvakanaka, manje ndave kuchitongonzwa zvakanaka.” Uye hepano dzakange dzave 9:30, nguva yekuchimira.

<sup>129</sup> Cherechedzai. Hatisi kuzogara nguva yakareba, zvisinei. Regai ndingopa izvi kwamuri iye zvino, tarisai... [Imwe hama inoti, “Paridzai.”—Mupepeti] Cherechedzai. Maita henyu. Munoziva, kana... .

<sup>130</sup> Ngationei kana tikakwanisa kuzvicherechedza. Zvino teereri. Nyatsobatai izvi, zvandiri kutaura zvino, hunhu hwedu hwazvino. Ndichafamba zvisihoma nezvisihoma. Ndinoda kuti zvinyatsosinina zvakadzika chaizvo zvino, tisati tavhara. Dai wakararama mumazuva aNoa... Zvino, chingofunga nezvauri. Iva wakatendeseka kwauri pachako. Nokuti, kana ukatendeseka kwauri pachako, haugone kutendeseka kuna Mwari.

<sup>131</sup> Dai wakararama mumazuva aNoa, uye uine hunhu hwaunahwo iye zvino, ungabatanidzwa neboka ripi? Zvino funga nezvazvo. Iboka ripi?

<sup>132</sup> Apo, heunoi mutana anopengereka akamira kumusoro uko pachikomo, zvakaraidzwa, kakawanda, kwemakore 120, kuti anopenga, nekuti ari kufanotaura zvehokwadi kuti kune mvura ichaburuka ichibva kumusoro uko. Uye zvavanoshandisa zvavo zvese zvesainzi zvinoratidza kuti yaisavako. Uye nokuda kwekuti hazvina kuenderana nezvinhu zvavo zvesainzi, ko Mwari Samasimba vangamboita sei chimwe chinhu chaipesana nekushandisa pfungwa kwavo ivo? Maona? Zvino murume uyu aitaurwa nezvake. Akanga ari chiseko chenguva iyoyo.

<sup>133</sup> Zvino, handizive. Hongu. Kungobvunza izvozvo kuti, iboka ripi rawaabatanidzwa naro? Nemaonero aifarirwa ezuva racho?

<sup>134</sup> Oo, unoti, “Ndi—ndiri wechechi.” Handizvo zvandiri kutaura nezvazvo. Vaiva nemapoka akawanda emachechi panguva iyoyo, pamwe akawanda kupfuura avainawo iye zvino.

135 Asi pakanga paine mumwe munhu aiva nemha—mharidzo yakabva kuna Mwari. Ndizvozvo. Uye yakanga isingafarirwe kwazvo. Boka rake rakanga risingafarirwe kwazvo, nekuti iye aionekwa semupengereki. Ungagadzirira here kuzvibanidza neboka iroro rekupengereka?

136 Nzira chete yaungazviita nayo, ndeyekuti Zvizarurwe kwauri iwe pachako. Uye munoziva here kuti ndiyo nzira yoga iyo Mwari vakavaka Chechi yaVo?

137 Tarisai mubindu reEdheni, Abheri akaziva sei kuti raiva ropa pachinzvimbo cheapurosi? Oo! Maona? Zvakazarurwa pamweya.

138 Uye, tarisai, Jesu paaiva pano panyika, Akati, nguva iya huru yaishamisa yaAitaura, “Ko vanhu vanoti iNi Mwanakomana wemunhu ndini ani?”

“Vamwe vavo vakati, handiti, ndiMi ‘Mosesi,’ kana kuti ndiMi ‘Jeremia,’ kana ‘mumwe wevaporofita.’”

139 Akati, “Asi ndiri—ndiri kuuya ndakanangana nenyaya yacho. Munofungei imi pamusoro paZvo? Maona? Kwete zviri kutaurwa nemumwe munhu zvino, asi Ndinoda kuziva zvamunofunga pamusoro paZvo?”

140 Zvino ndipo apo Petro akataura akati, “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu.”

Zvino tarisai matauriro aAkazviita.

141 Zvino, tinoziva kuti chechi yeKatorike, ndisiri kukurwadzisai manzwiwo enyu imi maKatorike, asi makati Akaivakira pana Petro, ari dombo duku. “Pamusoro pedombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu. Masuwo egehena haangaKunde.” Maona? Zvino, kana zviri izvo, zvino chechi yakadzokera shure. Maona? Zvino, saka, kana zviri izvo, yakavakirwa pamunhu.

142 Zvino, muProtestanti anoti Akaivakira paAri iye, iro raive Dombo Guru repakona, Dombo. Uye, izvozvo, zvine Chokwadi chakawanda pazviri.

143 Asi regai ndingodhedzera chimwe chinhu ipapo, kungo—kungozvisimbisa zvishoma. Ndiri kuzopesana navo vari vaviri, nekutaura izvi, kuti akanga asiri iYe achitaura nezvaKe, zvakananga, asi pakuonekwa kwazvo Aitaura nezvaKe. Uye haAna kusanganisira Petro zvachose kunze kwekupupura kwake izvozvo.

144 Nokuti, tarisai zvaAkataura, “Wakaropafadzwa iwe, Simoni, mwanakomana waJonasi, nekuti nyama neropa hazvina kukuzarurira izvi. Hauna kumbodzidza izvi nechimwe chiitiko cheseminari, kana kuti mumwe munhu akuudza nezvazvo. Asi Baba vaNgu vari Kudenga vazarura izvi kwauri.”

145 Zvino, chizaruro chepamweya chekuti Jesu Kristu ndiAni. Ndizvozvo chaizvo. Uye Akati, “Pamusoro pedombo iri, pamusoro pechizaruro chepamweya, Ndichavaka Chechi

yaNgu.” Zvakaratidza kuti masuwo ese egehena aizoirwisa, asi haaizoikunda. Maona? “Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haangazokwanisi kukunda Chechi iyi.”

<sup>146</sup> Saka, munoona, Noa aive nechizaruro chepamweya. Mwari vakange vataura naye zvakananga. Abheri . . .

<sup>147</sup> Kaini paakapirisa michero yomumunda, semaapurosi nemichero, nezvimwe zvakadaro, uye akagadzira artari yake kuti ive yakanaka, ndokuti, “Mwari vachagamuchira izvi nokuti ndaita zvose *izvi*, uye ndagadzira maartari makuru. Zvino ndashongedza. Ndaiita kuti ive yakanaka. Tine chechi hurusa muguta, kana zvimwe zvakadaro. Mwari vachachigamuchira, mune iyi.” Havagamuchiri basa remaoko emunhu, murudzikinuro.

<sup>148</sup> Asi Abheri akaunga gwayana akapirisa ropa, uye Mwari vakapupura kuti akanga akarurama. Akazviziva sei? Pakanga pasina Shoko rakanyorwa mumazuva iwayo. Chaiva chizaruro, uye ndizvo zvazviriwo nhasi.

<sup>149</sup> Unoti, “Asika, ndiri nhengo yechechi. Chechi yangu yakangonaka sechechi yako. Dzose dzakagadzirwa nemhando imwe chete yechivakwa, mhando imwe chete yezvinoshandiswa.” Ndizvozvo. Chivakwa hachinei nechekuita nazvo.

<sup>150</sup> Sangano iboka revarume vanoungana pamwe chete, vanogadzira mirawo yezvavanomiririra, uye ndizvo zvoga. Handina chandinopesana nazvo, zvakanaka, asi handizvo zvandiri kutaura nezvazo. Munopfeka mhando dzembatya dzakafanana, pamwe, kana dzakadzikama, zvingaitwa nevamwe vatendi, uye zvakadaro hazvina zvazvinobatsira.

<sup>151</sup> Asi zvino tarisai pano. Zvazviri, chizaruro chepamweya cheShoko raMwari. Kutu, zvimwe zvese hazvisiri izvo kunze kweShoko iroro, uye woRitenda. Akanga ari Shoko, uye ndiYe Shoko, uye Achagara ari Shoko. Uye kana Mwari vakagona kuvhura gwara iroro, zvino Vanogona kuyerera zvakasununguka nemumutumbi iwoyo wakacheneswa.

<sup>152</sup> Zvino, zvino, zvino tinocherechedza kuti kana waive muzuva iroro, waizobatanidzwa neboka ripi; nemuporofita, neShoko rakasimbiswa, kunyange vakanga vari vashoma? Kana kuti, ungadai here waiva nevanhu vane mafungiro anonyanyofarirwa? “Zvinoka, ndinokuudzai, ndinotenda kuti murume uyo anopenga.” Uye nzira chete yaungazoziva nayo kuti akanga asiri kupenga ndeyaMwari mumwe chete achikuzarurira chinhu chimwe chete chaAkanga azarura kuna Mosesi.

<sup>153</sup> Uye nzira chete yatingakwanisa kuva mifananidzo yaMwari, nevanakomana vaMwari, ndeyokuti Mwari vazarure kwatiri, uye vaZviratidze kubudikidza neShoko raVo, kwatiri, uye isu kunyika. Ndiyo nzira yoga. Nekuti, Kristu aive Mufananidzo pano panyika, wawaigona kuona, Mwari vari muMunhu,

Mufananidzo waMwari wakaratiidzwa, nekuti Mwari vaive maAri zvakananyanya zvekuti vaive Mumwe. Uye zvino Kristu paakaenda, Akachenesa Chechi, kuti Chechi itore nzvimbo yaKe nekuratiidza Shoko raMwari. Maona? Ndiyo nzira yoga yazvinogona kuitwa nayo. Oo, ini zvangu!

<sup>154</sup> Waizova here nevanhu vane mukurumbira vaiva nemaonero aifarirwa neruzhinji? “Chero bedzi ndiri nhengo yechechi!” Uye pamwe, “Nokuti ndakatamba muMweya, ndiri raiti.” Pamwe, “Nekuti ndakataura nendimi, ndiri raiti.” Kana kuti pamwe, “Tine mufundisi akanaka, uye ndiri raiti.” Zvino, zvinhu izvozvo zvakatendeka. Handina chekutura ndichipesana nazvo. Ichokwadi.

<sup>155</sup> Asi zano iri reruponeso inyaya yedungamunhu newe. Kutaura nendimi chipo chaMwari. Kutamba muMweya ndihwo Hupo neKubwinya kwaMwari. Asi kuti iwe urege hunhu hwako huchumbwa muchimiro chaMwari, kuti VagoZviratidza, uye uri—uye uri chimupunzo chaVo, uchifamba panyika, mufananidzo waVo wakaratiidzwa.

<sup>156</sup> Zvino, waingada here kuita izvozvo mumazuva aNoa? Kana kuti ungapai here waive kudivi raitisoropodza, uchisoropodza zvese muporofita pamwe nemharidzo yake yakatumwa naMwari? Zvino funga nezvazo. Idivi ripi raunofunga, muchinhano chako zvino, ungapai wakatora? Zvino iwa wakatendeseka. [Hama Branham vanokosora—Mupepeti] (Ndiregerereiwo.) Hapana chikonzero chekuti ndiedze kuzvitura. Iwe, unofanira kuzvifunga, pachako.

<sup>157</sup> Kana mumazuva aEria, paakatura zvakakwana nezvezviso zvakapendwa, ne—nemudzimai wechimanjemanje wenguva iyoyo, Jezebheri uya, akagara ipapo achitendeudza musoro wemurume wake—wake nechero nzira yaaida kuti uende? Uye kunyangwe waida kana kuti kwete, aiutendeudza, zvakadaro. Uye vaparidzi vose vachibvumirana nazvo, “Zvakanaka. Munoono, zvakana, nokuti mambokadzi wedu!” Maona? Uye vese vanowira mumaitiro iwayo zviri nyore kwazvo.

<sup>158</sup> Kana usiri iwo mufananidzo wanhasi, handisati ndambozviona. Zvinhu zvose izvi zvisina maturo zviri kuitwa nevanhu, uye, zvakadaro, muZita raKristu. Kana Aiva nemhosva yezvose izvozvo? Haana mhosva yechecho chazvo. Unoziva sei kwaAno...

Shoko rinozvitsanangura. Ngatingoteverai kwemaminitisi mashoma tione.

<sup>159</sup> Waizova here kudivi raitisoropodza? Waizove here uri zasi ikoko naEria, wakamira ipapo apo Eria achiratiidzika kuve ari ega asara, uye munhu wese akafunga kuti akanga ari mutana asingafunge zvakana kana chawo chimwe chinhu? Asi hazvina kana kumbomunetsa nepadiki pose. Aiva neShoko. Zvino aive neShoko, uye akanga asingatiyi neShoko. Akanga asingatiyi,

naRo. Chero munhu upi ane Mharidzo yaMwari haatyeye chinhu. Ndizvozvo.

<sup>160</sup> Stefano mudiki wekare akasimuka mangwanani iwayo pamberi peSanihedrini, akati, “Handiti, imi vemitsipa mikukutu, musina kudzingiswa mumoyo nenzeve, munogara muchidzivisa Mweya Mutsvene. Sezvakaita madzibaba enyu, nemiwo munoita saizvozvo.”

<sup>161</sup> Bhaibheri rakati, “Chiso chake chakanga chakaita seNgirozi.” Handitendi, chakaita sechiedza chemagetsi kana chimwe chinhu. Ngirozi inoziva payakamira. Ngirozi haityi chinhu. INhume yakabva kuna Mwari.

<sup>162</sup> Uye chero munhu ane Mharidzo yaMwari anoziva paakamira. Haana hanya nemunhu, kuti vanoti chii nezvaYo. Hapana mabhisopu kana chimwe chinhu chiri kumusundira kwese-kwese. Anonyatsoziva paakamira, ipapo nyaya yacho yatopera. Mwari vanosimbisa Mharidzo yake uye vanoratidza kuti iYo ndeyechokwadi, saka iye anonyatsomira naYo. Haatyeye. Ndiwo mufananidzo waMwari wakararatidzwa.

<sup>163</sup> Ndizvo zvakaitwa naJesu. Akanga asingatyi kuti, “Oo, imi vaFarisei mapofu, ndimi—ndimi munovaka makuva evaporofita, uye ndimi vacho makavaisa imomo. Muri vababa venyu, dhiyabhore,” nemaachibhishopi nezvimwe zvose. Akanga asingatyi, nokuti Aiziva paAkanga ari. Hongu.

Mumazuva aEria, ungapai wakatora divi ripi?

<sup>164</sup> Kana, mumazuva aMosesi, apo pakwakange kuine Mharidzo yaMwari, yakanyatsosimbiswa zvizere, zvino teererai, muhunhu hwako hwazvino (Unoti, “Ndiri Mukristu.” Zvakana.). ndichangokubvunza: Hunhu hwako hwazvino, ungapai wakatora danho ripi? Apo, Dhatani akasimuka akati, “Zvino chimbomirai zvisoma. Pane varume vatsvene vakawanda pano kunze kwako iwe, Mosesi. Tichangatora boka revarume tozvitiira chinhu chikuru pano. Uye chinhu chekutanga munoziva, tichava nemabhisopu nemaachibhishopi, nezvimwe zvese, ipo pano. Uye Mwari vari muvanhu vaVo, chinhu chacho chose. Usafunge kuti ndiwe wega hurungudo pamhenderekedzo yegungwa.” Apo, Dhatani akamira ipapo, akati, “Imi vanhu hamufungi kudaro here? Murume iyeye anozvitakudza mitoro yakawandisa mumaoko ake ari oga. Ari kuedza, kutiudza zvekuita. Handiti, muhuwandu hwe—hwevakawanda mune zano, mune—mune chengetedzo. Handiti, tose tinofanira kuungana pamwe chete togadzirisira chinhu ichi.” Asi paiva neMharidzo yaMwari, vakasimbisa Mharidzo yake.

<sup>165</sup> Hatisungirwe kubvunza mumwewo munhu chimwe chinhu pamusoro peMharidzo ino yatiri kuparidza. Yakanyorwa pano muBhaibheri, uye Mwari vanoratidza kuti zvaIri ndizvo. Saka sei uchifanira kubuda wonoti, “Zvino, iwe muKatorike, tinofanira kuitei nezvi? Tichajoinha mu—

Mubatanidzwa wemaChechi. Tichaona. Tichaungana pamwe chete nehama idzodzo uye toona kuti vakavaka sei mapoka avo makuru.” Isu vanhu vePentekosti hatidi izvozvo. Hatisungirwe kujoinha Mubatanidzwa wemaChechi ePasi rose. Tinofanira kujoinha bhendi reKudenga, simba repentekosti, tosimudzirwa munzvimbo dzeKumatenga. Hatidi zvinhu izvozvo.

<sup>166</sup> Asi, unoona, idivi ripi raungadai wakatora, muhunhu hwako hwazvino, dai Dhatani akasimuka akataura izvozvo, uye iwe wainge wakamira ipapo panguva iyoyo? Waizodai here wakabaturira pashoko raMwari nemutumwa, wogara naro, uye richinge rasimbiswa zvizere kuti iChokwadi? Kana kuti, ungapai here wakatora mapapa ako—ako woenda ikoko wonojoinha rimwe boka? Oo, ndizvo. . . munoona, chingofunga nezvazvo.

<sup>167</sup> Pazvaiita sekunge zvese zvaipesana neMharidzo yaMwari yakasimbiswa pamwe nemutumwa wezera iroro, zvinhu zvisiri kufamba zvakanaka kuna Mosesi. Zvinhu zvose zvakanaka zvaenda, zvaiita sokunge Mwari vakanga vamusiya. Asi vakanga vaona Mwari vachiita chimwe chinhu. Vaiziva kuti Mwari vaiva mazviri.

<sup>168</sup> Zvino, kana kuti, mumazuva aKristu. . . Tichakurumidza. Mumazuva aKristu, ungapai wakatora divi ripi, apo machechi ose makuru nevadzidzi vavo vebhaibheri vechizvino-zvino nevadzidzisi vaiMupikisa pamwe nezvitevedzwa zvaKe, neDzidziso yeMagwaro yakajeka? Vaipesana naYo. Apo Chechi yako yekwawaienda yakati, “Muchinda iyeye mupengo. Asika, haana kumbobvira abuda mumaseminari edu. Hatina nhorondo yekuenda kwake kuzvikoro zvedu. Haana kadhi reruwadzano. Haana magwaro aainawo. Saka, muchinda uyu anopenga. Musave nechekuita nazvo,” ungapai wakaita sei muchinhanho chako chauri iye zvino? Chingozvibvunza kwechinguvana. Zvakanaka. Ungapai wakaiti? Dai iYe. . .

<sup>169</sup> Dai wakararama muzuva iroro, uye uri nhengo yesa—sa—Sanhedrini, uye yakaita se—seMubatanidzwa wemaChechi ePasi rose. Uye chechi yenyu yaive yakabatana mazviri, uye vangadai vakatora zvinhu zvose izvi. Zvino Murume uyu akasimuka, uye makaMuona achiita mabasa aMwari, uye hapana aigona kuMupikisa. Asi zvakadaro, Aifanira kuva ari “Munhu anopenga, haAfunge zvakanaka.” Aiva ari. . .

<sup>170</sup> Mwari vandiregerere nokuda kwekutaura uku, asi Aive mumwe we “vanhu vasinganzwisike” vezuva iroro. Munoona, ndiri kuzviita kuti munzwisise.

<sup>171</sup> Sei? Akazvarirwa Kudenga. Hunhu hwake hwaiva hweKumusoro. Hauna—hauna kuenderana nekubatana kwemibatanidzwa yenyika ino. Maona? Akanga asiri mhando yemunhu wakadaro. Hungamira papi kana vadzidzi vebhaibheri, vadzidzisi vese, voti, “Ko Murume uyu akabvepi? Hatitombozivi kwaAkabva”?

172 PaAkapodza bofu, vakati, “Handiti, hatizive kuti Murume uyu anobva kupi. Ipa mbiri kuna Mwari. Hapana chatinoziva nezveMurume uyu. Ko Akabva kupi? Isu—isu hatina nhoroondo yaKe. Haasi pachirongwa chedu. Haasi pabhodhi redu revatungamiriri, Iye—Iye—Iye hapana kwaAri. Hapana kana mumwe wavo ane chaanoziva nezvaKe. Ko Akabva kupi?”

173 Bofu rakati, “Chinhu chinoshamisa, kuti Munhu anokwanisa kuvhura maziso angu, asi imi hamuzive kwaAnobva. Uye imi muchifanirwa kunge muri vatungamiriri vezuva rino.” Hongu. Akati, “Zvino, zvokuti Mutadzi here kana kuti kwete, handigone kuzviturea. Handisi mudzidzi webhaibheri. Asi chinhu chimwe chete chandinoziva: kuti ndanga ndiri bofu, zvino ndave kuona.” Ndizvozvo. Ndizvo zvine basa. Aida kuona. Hongu.

174 Pose, vose vechimanjemanje, vose vadzidzisi veBhaibheri vakange vachipesana naYe pamwe neShoko raKe rakachekwa zvechokwadi kubva kuna Mwari. Munotenda here zvemazvirokwazvo kuti Aitenda zvepamavambo, hamudaro here, mukudzidzisa kwaKe? Asi kwete maererano nezvikoro zvavo. Zvasinina here izvozvo? Takaziva sei kuti Aitenda zvepamavambo? Akavabyunza kuti, “Ndiani angaNdiratidza kuti ndine chivi? Nzverai Magwaro. Ndiwo aCho anopupura nezvaNgu. Anokuudzai chaizvoizvo. Zvino, kana Ndikasaita zvinotaurwa neMagwaro, zvino Baba vakasasimbisa izvozvo kubudikidza neNi, chibvai maNdikandira kunze; Ndiri kukanganisa.” Hongu, changamire. Zvino, tinoona kuti vaipesana naRo, Shoko raMwari rechokwadi.

175 Oo, chinhanho chako chazvino chinokubatanidza here naYe, kana kuti neboka riya revaFarisei vakapofomara? Chinhanho chako chazvino, ungabatirira here kuzvitendwa zvako—zvako zvechechi yako? Ungabatirira pazviri here nekuda kwekuti mufundisi wako, pamwe, ungati, “Asika, murume akanaka?” Anogona kunge ari murume akanaka asi zvakadaro ari bofu. Zvirokwazvo. Jesu haana here kuti, “Imi mapofu anotungamira mapofu?”

176 Zvino, muchinhano chako, chimbofunga zvino, waizoitei? Ndekupi kwauri kucherechedzwa pakati peboka revanhu uko? Chinhano chako pari zvino chakaita sei? Waizova nemuFarisei here, “Zvinoka, ndinokuudzai, amai vangu vaiva vechechi *ino*, uye yakanganaka semamwe ese. Ndichangogara ipo pano?” Maona?

177 Uye paunoona Shoko raMwari richisimbiswa, kuti Ichokwadi, kubudikidza nemutumwa, uye wonzvera Magwaro woRiziva. Asi sangano rako—rako rakati, “Mazuva ezvishamiso akapfuura. Hakuna chinhu chakadaro.” Zvino, waizoitei muchinhano chako chazvino? Vazhinji venyu mazviratidza.

178 Kana ukati mumoyo mako zvino, “Kwete, handingavi pamwe chete nevaFarisei ivavo. Handingavi pamwe chete navo,” saka ko iye zvinoka? Gwaro rinoti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Ko iye zvino? Unoti, “Handaizozvibanidza nevaFarisei ivavo.” Ko iye zvinoka? Munoziva, nhoroo iri kuzvidzokorora. Ndakacheke chidimbu kubva mubepa, rimwe zuva, nezvazvo. VaFarisei vezuva iroro vakamira vachiMupikisa, nokuda kwezvavaimufungira zvisizvo. Ndizvo zvimwe chete zvavanoita nhasi.

179 Munorangarira, Nikodhimo akataura zvimwe chetezvo. Akati, “Rabhi, tinoziva kuti Muri mudzidzisi akabva kuna Mwari.”

180 Asi nekuda kwekuti zvitendwa zvavo nemasangano zvaisagamuchira Mharidzo yaKe, ipapo vakazorambidza chero munhu wese. Akati, “Hamupinde, imi pachenyu, uye munorambidza vamwe kuti vapinde.” Maona? Chinhano chakadini! Handizive kana tingagona kuzvibanidza nechimwe chinhu chakadaro?

181 Kana dai wakaMutevera kuti ungoona zvishamiso zvaKe, sezvakangoitawo vazhinji, uye woMutevera nhasi muchechi, kuti ungoona zvishamiso zvaKe uye wogarapo. Asi kuisa ruoko rwako pasi, kuti ugamuchire Mweya Mutsvene, pachako, hauzviiti. Havazviiti. Vazhinji vakaMutevera nokuda kweminana yaKe chete, kuiona. Asi paAkagara pasi kuDzidziso chaiyo yeMagwaro, vanhu vazhinji vakabva kwaAri.

182 Apo, vaiMuona achipodza vanorwara uye achivhura maziso. Uye munhu aigona kubata hanzu yaKe, zvino Aitendeuka, ovaudza zvinhu izvozvo. Ndokuudza Firipi naNatanaeri, neizvi zvose, zvinhu izvozvo. Handiti, mudzimai patsime, nezvinhu zvose izvi, zvaAkaZvizivisa kuva mu—muporofita uyo Mosesi akataura nezvake, Kristu, Mesiya. Apo pavakange vasina kumbova nemuporofita kwemakore 400, zvino ipo panzvimbo Jesu uyu akauya, achiratidza kuti Aive, munoo, kuti Aiva Mesiya wacho.

183 Vazhinji vavo vakanga vaMutevera nokuti, chikamu chekutanga cheshumiro yaKe, Aienda achibva kuchechechi achienda kune imwe chechi. Oo, vaiMugamuchira nomufaro, uye vachiMutsigira zvikuru. “Oo, Rabhi, oo, Muri muchinda mukuru!” Asi rimwe zuva Akagara pasi aine Chokwadi cheMagwaro. Uyezve paAkaZvizivisa, kwete bedzi seMupodzi, asi seuyo *akatumwa kubva kuna Mwari*, aine Chokwadi neHupenyu, paAkaZvizivisa kune Izvozvo, oo, Zvaipesana netsika dzavo, kunyangwe kune vazhinji vakaMutevera.

184 Vaye 70 vakatendeuka vakaenda. Chii chaungadai wakaita? Zvino, pafunge ipapo. Apo, Murume wawakanga waona achiita zviratidzo chaizvo zvaMesiya, uye uchiziva kuti Mesiya ari kuuya, uye Akanga aporofita zvose izvi kuti zviitike, kunyangwe

kuna Johane nevamwe, uye Akanga azviratidza, zvakakwana, uyezve ukaMutevera ukaona chiratidzo chikuru chaMesiya, zvichiratidza kuti hapana kana mumwe wevafundisi aikwanisa kumisidzana neMharidzo, zvachose, uye ipapo, kamwe-kamwe, Anouya kuzodzidzisa chimwe chinhu chiri Shoko raMwari chairo, asi zvichipesana nenzira yako yawakadzidziswa, saka, waizobatirira patsika dzako here? Waizoenda ne 70 vaye here? Oo, Rugwaro, Shoko rakajeka! Waizoendawo here ne 70 vaye?

<sup>185</sup> Kana kuti—kana kuti, wava kuona here zvino kucherechedzwa kwako, kuti waizomira papi? Zvino funga zvakadzama, wakaperera. Waizomira papi zvino, nechinhano chako chazvino? Ndekupi, iboka ripi rawaizocherechedzwa mariri, ipapo? Kana kuti, waigona kuzvibatanidza here, nekukurumidza zvino, waigona here kuzvibatanidza naro?

<sup>186</sup> Ndiri kuzotaura kuvana pano, vezera rekuyaruka. Ungazvizivisa here nhasi, iwe wezera rekuyaruka, semutendi anongopupura, sejaya mupfumi, mhando yaElvis Presley inoda mafaro enyika kudarika kuda kwaunoita kutevera Kristu? Ungazvibatanidza neboka iri razvino uno here, uye, woti, zvino, saVaPresley ava? Sokunzwisisa kwandinoita, muPentekosti. Uye muPentekosti, kuti abude uye oita saizvozvo, anongori muPentekosti zvezita. Kwandiri, ndemumwe Judhasi.

<sup>187</sup> Pat Boone nevanhu ivavo vanozviti vanonamata, nemarock-and-roll iwayo nekuzvonyongoka, nezvinyadzi zvenyika, zvadaro vozviita veChikristu. Handiti, zvinonyadzisa. Zvakaipa kupfuura mutengesi wedoro. Zvakaipa kupfuura—kupfuura chipfeve chiri mumugwagwa. Mwari vangatoremekedza chipfeve zviri nani pane izvozvo.

<sup>188</sup> Ernie Ford nevamwe vanomira husiku hwese, madhindindi aya nezvose, uye vachingoenderera, vakambundira vakadzi, ivo vachikwezva ruchiva nezvimwe zvese, uye vozobuda voimba nziyo dzechitendero. Ndipo paunenge watengesa hudangwe hwako. Ungazvizivisa sei?

<sup>189</sup> Uya wechidiki wezera rekuyaruka akanga aine. . . Akanga ari murume mupfumi. Akava nemukana. Ari, anogona kunge akange ari, muzvinabhizimu weChikristu, zvakare. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] . . . chechi.

<sup>190</sup> Zvino, wezera rekuyaruka, chii chaungaita pamusoro pazvo? Paya, paunoedza kuita saMarilyn Monroe kana vamwe vavo, kana vamwe vakadzi vakaita semudzimai wemutungamiri wenyika, neizvi pano mhando yese yekungoenderera, neizvi zvekugera vhudzi, ne—nekupenda kumeso, uye nehanzu idzi dzinobata, dzinokwezva ruchiva. Uye—uye imi varume, muchivarega vachizviita!

<sup>191</sup> Uye imi vafundisi musina hushingi hwekuzvitsiura kubva papurupiti, zvakare! Ndizvozvo. Huh! Ndizvozvo.

Ehe. Ndizvozvo. [Ungano inoombera—Mupepeti] Zvino, mirai zvishoma. Teererai. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>192</sup> Asi kazhinji mune vafundisi vakapihwa naMwari vanozvitsiura, asi zvakadaro musingaenderane neShoko. Zvino teererai, tinoona kuti, torai, endai neimwe nzira, zvakare. [Ungano inoombera maoko—Mupepeti] Ndizvozvo. Chii chandiri kuisa pamberi penyu? “Oo,” woti, “ivo...” Ndinoziva zviru nani kupfuura izvozvo. Ndakapfuura nemo, ini pachangu, Phoenix, kwemakore 15 achangopfuura, uye ichiri kutaridzika sezvayagara yakaita, kungoti iri kuwedzera kuipa. Saka usazviisa zvese pamufundisi. Uh-huh. Ngatingotii tose tine mhosva, uye tosimuka ipapo tozvitarisira muchiringiro. Ehe.

<sup>193</sup> Wezera rekuyaruka, ko unoti kudii nazvo? Unoda rumbidzo dzevanhu ivavo kupfuura kuda kwaunoita ko—kokero yaunopihwa, kuumba hunhu hwako mumufananidzo weMwanakomana waMwari? Ko zvodini? Ko tingazviita sei? Oo, ini zvangu! Unogona here kuzviona uchibatandzwa, uchida mukurumbira? Ko nezve...

<sup>194</sup> Zvino, ndava kudzika kumba nepedyo zvishoma zvino. Ko imi maPentekosti munonyatsoziva zviru nani? Ndizvozvo. Munoziva zviru nani pane izvozvo. Munoziva zviru nani.

<sup>195</sup> Saka, rangarirai kucherechedzwa kwekupedzisira kwejaya mupfumi yu. Akanga ari mugehena, achitarisa kumusoro kune murume akanga ararama zvakanaka, achikumbira mvura. Asi akanga ayambuka mukaha mukuru iwoyo asina kugamuchira kukwanisika kwazvo kwaMwari kwakumudzosa. Zvino hapo paaive, uye hapo paari kunyangwe manheru ano, uye acharamba aripo. Zvakanaka. Ndiko kucherechedzwa kwake kwekupedzisira.

<sup>196</sup> Saka, usazvibatandzira nemumwe mambokadzi wezveruchiva akakurumbira. Kana kuti, usazvibatandzira nemumwe weava pano vana Elvis Presley vane bhicho, uchienterera kunze kuno nemarock-and-roll ako nekumyoroka, uye wozviti Mukristu; kana mumwe Pat Boone, nekuti une gitare uye unogona kumira pachena woita zvisina musoro naro.

Rega Kristu aZviratidze mauri. Ndizvozvo.

<sup>197</sup> MaPentekosti, nhasi, vari kubva paShoko raMwari.

<sup>198</sup> Unozvibatandzira here neboka raJudhasi? Rangarirai, Judhasi akatanga, kufamba naYe. Zvino, kana izvi zvichirwadza, handirevere kuti zvirwadze, asi ndinoreva kutswinya zvakasimba chaizvo. Maona? Ehe. Judhasi akatanga negwara kwaro. Akatanga, kufamba naYe. Asi paakasvika pokuti ave... kuwana mari shoma mumaoko ake! Uh-huh.

<sup>199</sup> Handizive kana izvozvo zvichigona kuiswa kuPentekosti? Patakabva pakona yemugwagwa, uye tikabuda mumisheni diki iri mumukoto, uye tikabva tava netumari. Uye handizive kana kufamba kwedu kusina kutsveyamiswa zvishoma. Patakawana boka re. . . Pamwe rimwe boka revanhu rinopinda imomo, voti, “Oo, saka, *izvi*,” richitaura nezvenhengo. Nhasi, chamunongoda bedzi inhengo, nhengo.

<sup>200</sup> Mwari havatarise nhengo. Vari kuvhima hunhu, kuti Vagone kuisa Shoko raVo mune mumwe munhu anozoVatenda. Sezvandakataura, humwe husiku, Eriezeri akashingairira kusvikira awana hunhu kuitira mwenga. Zvino akatozomuita kuti amire akadzikama, kuitira kuti agomuita kuti apfeke zvakanaka, kuti agosangana neuyo wavakanga vari kutaura nezvake. Maona? Handiti, kana ukawana hunhu, haugone kuvaita kuti vapfeke zvakanaka. Havagoni. . . Um-hum. Zvakanaka.

<sup>201</sup> Cherechedzai zvino, muPentekosti wechimanjemanje. Zvino, zvino, tataura nevePresbyteriani, veKatorike, asi ndichataura nezvemaPentekosti zvino, nokuti tiri kuenda kuno uku kunomiririra chimwe chinhu. Maona? Pentekosti, hachisi chinhu chinoshamisa here, kuti, maPentekosti muzera rino rechimanjemanje iro Bhaibheri rinofanotaura kuti richange rakaita seRaodhikia? Raodhikia. Pane mudzidzisi wechiGiriki akagara pano, achinditeerera. *Raodhikia* zvinoreva “mudzimai.” Raodhikia izita remudzimai, muchiGiriki. Hapana imwe yechechi inomiririrwa nezita iroro. Asi zvino mudzimai, Jezebheri. Ndizvozvo chaizvo. “Uye takapfuma. Hapana chatinoshaya.” Asi hatizivi kuti “hatina kupfeka, tiri mapofu, takasuruvara,” takatsauka kubva muNzira. Takaitei? Takanhonga imwe pfuma, zvichida, sezvakaita Judhasi, munoona, zvino hatina kuzofamba naRo zvachose. Takatengesa, kuwana cheviri, vanhu vazhinji kwazvo vanoita izvozvo. Masangano mazhinji anorerutsa paShoko, kuti vawane dzimwe nhengo dzakawanda, vawane cheviri; vanoita chero chinhu zvacho.

<sup>202</sup> Regai mumwe mufundisi auye munharaunda ogovaka basa rakanaka. Uye ipapo vanoitoita musangano, musangano weruzhinji kune imwe nzvimbo, zvino vanodzinga muchinda iyeye, uye votora kamwe kaRicky kadiki kanodiwa vokaisa imomo, zvino zvinongomwararidza makwai. Kana Mwari vakaisa munhu imomo. . . Asi, oo, vanoita izvozvo pamisangano, nguva zhinji; vosarudza, votumira imwe hama inonzwisa urombo kure, uye wacho akanyatsovaka basa racho. Zvino, havazive kuti vanozvityora mutsipa wavo mukudaro, uye vokuwadza chechi.

<sup>203</sup> Kuzvitengesa, kumukurumbira, mafungiro emunhu, pfuma, kuzviunganidzira pfuma, machechi makuru, masangano makuru. “Boka redu rakakura kupfuura enyu mose.” Oo, ndizvo

zvzviri. MaBaptisti vaiva nesirogani, “Imwezve miriyoni muna ’44.” Asi chii chamakawana?

<sup>204</sup> Ndakati, humwe husiku, “Kupupura; matombo kupupura.” Dombo rinobatsirei pasina muvezi wematombo ane Munondo waMwari wakapinza unocheka nekumativi maviri, kuvaumba nekuvacheka kuva vanakomana nevanasikana vaMwari? Hongu.

<sup>205</sup> Judhasi akaitei? Chii chaakaita? Rangarirai chinhano chemagumo ake. Oo, akaitei? Akapokana zvaitaurwa naKristu, mushure mekunge atanga kufamba naYe. MaPentekosti, musambofa makaita izvozvo. VeBusiness Men, musambofa makaita izvozvo. Musapokane zvaAnotaura. Ndiye mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Judhasi akapokana zvaAitaura, uye akava nemukurumbira kwazvo ndokuRitengesa. Hunhu hwaJudhasi hwakamuita kuti aMutengese, kuvatsoropodzi vaKe.

<sup>206</sup> Uye nhasi chinhu chimwe chete ichi chiri kuitika. Nguva zhinji hunhu hwatinozvirega tichiumbika mahuri, hunotitengesa, kune zvido zvenyika, kune vanhu vanozotsoropodza. Chinhu chaicho icho Pentekosti yakabuda machiri, inonyatsodzokera machiri zvakare, vangori vemunyika potse sezvavaimbova pakutanga. Maona? Chii ichocho? Tinotadza kurega Hupenyu hwaKe huchiratidzwa matiri.

<sup>207</sup> Kana kuti, unozviwana uchibataniidzwa nevadzidzi vaKe vechokwadi here? Ameni. Ndipo patinoda kuva, takatendeka kwaAri, takatendeka kuShoko raKe. Kumira, takatarisana nevatsoropodzi! Ameni. Ndipo here paunozviwana uchibataniidzwa manheru ano? Tenda Ishe. Ameni. Kurega Hupenyu hwaKristu huchiyerera nemavari! Hongu, changamire. Vakanga vacheneswa nekuuya kwaKe. Uye munhu mutadzi, paakareurura... Uye kucheneswa kwakanga kwavachenesa, uye mwoyo yavo yakanga yakanangiswa pana Mwari kusvikira Kristu aZvidurura mavari ndokuratidza Hupo hwaKe kunyika. Pamberi pevatsoropodzi, vakamira sezvaAkaita. Vakaramba vakatendeka kuShoko, kusvikira mumwe akati, “Wapotsa wandinyengetedza kuti ndive Mukristu,” mumwe wevake... vatsoropodzi.

<sup>208</sup> Unokwanisa here kuzvibataniidza naPetro neZuva rePentekosti? Unokwanisa here kuzvicherechedza ipapo muna Mabasa 2?

<sup>209</sup> Apo, vanhu vanoti, nhasi, “Mweya Mutsvene wakangopihwa kuvaapostora 12.”

<sup>210</sup> Unogona here kuzvibataniidza naPetro, paakati, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, uye mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Nokuti vimbiso ndeyenyu, nekuvana venyu, nekune avo vari kure, kunyangwe navose vachazodanwa naIshe Mwari wedu”? Mweya Mutsvene mumwe chete uyu!

211 Unozvibatanidza here ipapo naye nezuva iroro? “Ndinomira newe, Petro. Hongu, changamire. Padzidziso dzako dzepamavambo dzeMagwaro, ndinomira ipapo. Ndinoda kuti hupenyu hwangu huratidze Magwaro, sezvakangoitawo hwako ipapo, apo 3,000 vakabaiwa mumoyo yavo.”

212 Pavakaona hushingi hwavo, mazuva mashoma mushure maizvozvo, vakaziva kuti vakambenge vaina Jesu. Vaiva neShoko, uye vaiziva kuti Shoko rairarama nemavari chaimo. Uye vaitya kuvhiringa Shoko raMwari iroro, nokuti vakanga vari mumiririri weShoko iroro, nehupenyu hwakadaro, hwekuti Mwari vaizoZviratidza nemahuri chaimo.

213 Akaudza mumwe murume kuti, “Sirivheri nendarama handina. Handina zvivakwa zvikuru nezvinhu zvikuru kwazvo. Icho chandinacho, ndinokupa. NemuZita raJesu Kristu, simuka netsoka dzako.” “Izvo zvandinazvo!” Aifanira kuva nechimwe chinhu asati akwanisa kuchipa. Amen. Oo, ini zvangu!

214 Tichiona kuti Shoko rimwe chete nokusingaperi-peri, chizvarwa choga-choga, vose vanodanwa naMwari vachaona kuratidzwa.

215 Kana, naPauro, apo Dhemasi akakurumbira, uye aida nyika akamusiya, nekuda kwehama dzake, dzaingonziwo Makristu, dzemaonero aifarirwa noruzhinji. Pauro paakamira paShoko, “Dhemasi akamusiya, kuda... achida nyika yazvino.” Akamusiya, nekuti aive akatendeka kuShoko. Raive rakanyanyisa kumuomera. Waizoenda naani, Dhemasi, kana kuti waizoenda naPauro? Tarisa Shoko. Idivi ripi rawaitora muchinhano chako chauri iye zvino panguva iyoyo? Zvakadaro, ivo vaizviti Makristu.

Pauro akati, “Vanhu vose vakandisiya.” Muchinda mudiki anonzvisa urombo!

216 Ndakagara ndichikatyamadzwa naChiremba Ern Baxter. Vakati, “Munoziva, kana ndasvika Kudenga, chinhu chekutanga chandichaita?”

Ndikati, “Chii, Hama Ern?”

217 Vakati, “Ndichafamba ndichienda kuna Dhemasi ndomuwatsura mbama kumeso nesimba rangu rose.”

Ndikati, “Zvinoka, Ern.”

218 Vakati, “Ndiri kuzoti, ‘Sei wakasiya Pauro zasi uko saizvozvo?’”

219 Ndikati, “Unonyatsofunga here kuti achange ari ikoko, Ern?” Ndikati, “Ngwarira chishuwo chako chekumuwatsura mbama kumeso.” Ndakati, “Handingade kuva paanenge ari, pamwe, unoono, wotozofanira kuita izvozvo.”

220 Sezvakataurwa nemunhu asingatendi, akataura kumusikana mudiki. Akati, “Unotenda Bhaibheri iroro here?”

Akati, “Chokwadi.”

221 Akati, “Ndinodaira kuti unotenda nyaya iya pamusoro paJonasi, hove huru ichimedza Jona.”

Akati, “Zvirokwazvo.”

Akati, “Uchazviratidza sei, kusara kwekutenda?”

Akati, “Kana ndasvika Kudenga, ndichabvunza Jona.”  
Ndizvozvo chaizvo.

Akati, “Ko kana Jona asiko Ikoko?”

222 Musikana akati, “Saka imi muchamubvunza.” Saka ndinodaira kuti zvinobva zvatopedza nyaya yacho. Maona? Hongu, changamire. Aitozofanira kuti amubvunze. Saka, munoono, zvino, zvinobva zvatopedza nyaya yacho.

223 Ndinotenda, zvino, kana akasiya Pauro uye akasiya Shoko, akaita zvimwe chete zvakaikwa naJudhasi. Hongu, changamire. Idivi ripi raungatora, panzvimbo iyoyo? Zvino teererai, maPentekosti. Idivi ripi raungatora? Ndanga ndichitsiura maPresbyteriani aya, nevamwe vakadaro, zvino ungatora ripi? Ungatora divi ripi racho pano?

224 Kana kuti, regai ndikubvunzei chimwezve chinhu. Izvi zvinogona kurwadza zvishoma, asi ndinoda kukubvunza chimwe chinhu. Apo, nyaya payakauya muchechi yeVaKorinde, pamusoro pemadzimai anoparidza; uye navo vachigera vhudzi ravo, madzimai. Uye nyaya yacho yakauya, uye Pauro akatora chinzvimbo, chokuti, “Havafaniri kuitwa vaparidzi.” Pauro akatora chinzvimbo, chokuti, “Mukadzi, akagera bvudzi rake, azvidza murume wake, uye haafaniri kutomboonekwa achinamata paruzhinji.” Chii, muchinhanu chako chazvino, ungatora nyaya ipi? Zvino tarisai muchiringiriro. Zviri nani ndizvisiye vakadaro. Ndinoda kuti utarise chinhanu chako chazvino. Ndechipi chikamu chaka... Chii, kupi? Chii, kupi? Wakatarisa kupi zvino? Wakatarisei?

225 Pauro airatidza Kristu. Munozvitenda here? Zvirokwazvo.

226 “Pauro,” munoti, “oo,” mumwe mudzimai akandiudza, akati, “aingovawo harahwa inovenga vakadzi.”

227 Pauro akati, uye—uye umu muna VaGaratia 1:8, “Kana Mutumwa anobva Kudenga akauya akaparidza chimwe chinhu chisiri ichi, kwamuri, ngaAve akatukwa.” Ndizvozvo. Ndizvozvo. Zvino, chii... .

228 Uri kuratidza kupi zvino? Uh-huh. Usatore divi rinofarirwa noruzhinji. Tora divi reShoko. Uh-huh. Oo! Hongu, changamire. “Akamusiya.”

Zvino nyaya yacho payakauya, handiti, Pauro akamira.

Zvino vakanyora, vakati, “Mweya Mutsvene wakatiudza kuti tidaro.”

229 Akati, “Chii? Shoko raMwari rakabuda mamuri here, kana kuti Rakabva kwamuri moga? Kana munhu achifunga kuti ndewemweya kana—kana muporofita, achabvuma kuti zvinhu zvandinonyora mirairo yaShe.” Chaiva chii? Akanga achigara neShoko. Amen.

230 Zvino, unogara kupi? Zviri kwauri zvino. Iwe chingowana nzvimbo yako. Zvakanaka. Hongu, changamire.

231 Ipapo Pauro akamira, pa—pa...kubva pachinzvimbo chaaive nacho. Rangarirai, Pauro, kuti aite izvi... Zvino, mirai. Regai ndipe chimwe chinhu tisati taenda. Pauro, asati akwanisa kuita izvi, akatozosiya chinzvimo chapamusoro chaaive nacho muchechi yezuva rake, kuti agare neShoko.

232 Zvino, kana wakatarisa Pauro, ko iwe, apo chechi yako inodzidzisa zvinopesana naRo? Ko imi, mufundisi, mushumiri, unganano? Chokwadi.

233 Chii chaakaita? Akatotora nzvimbo iyi kuti Mbeu iyi ikure, Mbeu yeHupenyu Husingaperi. Akanga asingapesani. Akati, “Zvakatodaro, ndizvo zvinotaura murairo.” Ndizvozvo chaizvo. Akanga asiri...Akanyatsogara neShoko. Uye kuita izvozvo, akatozosiya chechi yake yeorthodox, kuti azviite. Kuchengeta Shoko reHupenyu richikura, akatozoita izvi.

234 Dhemasi nevamwe vose, vakati, “Oo, chitouya hako. Enderera mberi, Pauro, hausi...”

235 Asi Pauro akamira ipapo chaipo neShoko iroro. MuJudha iyeye mudiki anonzvisa urombo, ane mhuno yakakombama, ndinoda kumuona neZuva iroro. Ndinoda kumira ipapo, ndomutarisa achipfeka iyoyo korona yeonofira chitendero paanosimuka. Ndinoda kuona ipapo, ndoti, “Girori! Hareruya! Pauro!” Amen. Hongu, changamire. “Gara paShoko! Ndinofara, Pauro.” Saka, ndibatsireiwo, Mwari. Regai ndigare panzvimo imwe chete. Hongu, changamire. Hongu.

236 Muchiratidzo chandakaona nguva shoma yapfuura, chevanhu vava kumusoro uko, ndakabvunza mubvunzo. Makazviverenga mudi—digest, chinyorwa chevarume veBusiness Men. Vakati...Saka, ndakati, “Pauro anofanira kudaro here?”

Akati, “Hongu, changamire.”

237 Ndikati, “Ndakamira paChinhu chimwe chete chaakaita.” Hongu, changamire. Kugara, pachinhu chimwe chete.

238 Mosesi akatoderera kubva pachigaro chehushe, kuti atore Shoko raMwari. Akaramba chigaro chehushe. Ndizvozvo. Akanga ari mudyi wenhaka yechigaro chehushe. “Zvino Akasiya mafaro ekuva Farao, nokuti akakoshesa kuzvidzwa kwaKristu kuva pfuma huru kupinda hupfumi hweEgipita.”

239 Unoti, “Asika, ndinokuudzai. Vakadzi vose vanozondiseka. Varume vanozofunga...” Handina basa nezvavanofunga. Ndizvozvo chaizvo.

240 Pauro akaderera. Mosesi akaderera kubva pachigaro chehumambo. Ndine rundaza rwavo vakanyorwa zasi pano, zvinotora mapeji 3. Asi regai ndikuudzei chimwe chinhu, ndikubatsirei, nekukurumidza chaiko.

241 Jesu akaderera kubva Kudenga, kuti aZviratidze ari muchimiro chenyama inotadza. (Uye umbori ani, kana kuti ndimbori ani?) Kugadzira...kugadzira nzira yokuti tiratidze Mwari, kugadzira nzira yokuti Vazviratidze matiri, nokutichenesa kuShoko raVo. Nokuti Shoko raVo rinotaura, kuti, paVakazviita, kuti gioratidza Shoko raVo.

242 Muna Johane 14:12, Akati, “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaitawo.” Sei? Aiva Kristu, achiratidza. “Kwechinguvana uye nyika haichazoNdioni zvachose. Asi, muchaNdiona, nokuti iNi...” (“Ini,” chisazitasingwi.) “. . .kuva nemi, kunyange mamuri, munoono, zvose kusvika kumagumo enyika.” Oo!

243 “Kana ani zvake achizoNditevera, ngaazvirambe. Ngaarambe chitendwa chake chakagadzirwa nevanhu, atore Bhaibheri rake agoNditevera.” Ndizvozvo. Hongu, changamire.

244 Zvino, unocherechedzwa pane imwe nzvimbo muMagwaro. Pasina kupokana, ndinofanira kuvhara. Unocherechedzwa pane imwe nzvimbo muMagwaro. Unozviziva izvozvo. Mumwe nomumwe wedu, tinoona chatinozivikanwa nacho.

245 Chechi, tiri kuenda kuno ku—kuungano yakarongwa kwegore. Machechi anga achinamata. Vanhu vanga vachitsanya. Ndakadurura moyo wangu, mukati mevhiki rose, kukwira nekudzika nomupata uno, kune mutswi mudiki wose nekona yandaigona kupinda mairi, ndichiedza nepandinogona napo kukuyambirai nezveKuuya kwaShe. Uye hepano patiri, nguva isati yasvika iyi. Uye ngatizvivisei zvino, kuti tifambe tichienda mhiri uko, kuti timiririre, kana kuratidza Jesu Kristu.

246 Tichazvivisa here nekumwe kugerwa kutsva? Tichazvivisa here nekuti tinogona kupfeka zvakanaka sei? Tichazvivisa here nokuti tinogona kumira nekutaura zvine mukurumbira sei, kuti tine dzidzo yakawanda zvakadii? Apo, Pauro akati, zvinhu izvozvo, akatozovikanganwa kuti azive Kristu.

247 Tiri kuzivisa pentekosti here? Tiri here? Chii, ndepapi patinozviwana tichiratidza?

248 Chii chatiri kuratidza, zvisinei, kana tichingori neruzha rwakawanda, uye tichigona kudandirira nekutamba, nekusvetuka-svetuka? Oo, ndakaona vanaMohamedhi vachiita izvozvo. Ndakaona tsoko dzichiita izvozvo.

249 Handisi kushora! Handirevi izvozvo, kuita nyambo. *Ino* haisi nzvimbo yenyambo. Iri iShoko raMwari. Maona?

250 Asi ndakaona mhuka dzichisvetuka, dzichitamba, tsuro. Hazvina zvazvinoreva. Zvirokwazvo kwete. Uri kufara. Chero chinhu chinogona kukufadza, chero maonero madiki akanaka. Ndakaona vatadzi vakadhakwa kwazvo, uye vachifara zvikuru! Zvirokwazvo. Hazvina kana zvazvinoreva.

251 Asi mufaro iwoyo unobva kupi? Unokonzerwa nei? Chii chazvinoita pauri? Chii chazvinoratidza? Mumwe munhu anoramba Shoko raMwari; mumwe munhu anorarama munyika; mumwe munhu achanzwa Chokwadi ofamba achibva paChiri; otengesa hudangwe hwavo, nekuda kwechimwewo chinhu?

252 Oo, Mwari vatibatsire, hama, hanzvadzi, kutibatsira kudzoka uye torega Kristu achiZviratidza, zvakare, matiri, saizvozvo. Oo, ini zvangu! Dai Mwari vatibatsira kuti ticherechedzwe maVari, zvakanyanya kwazvo, zvekuti Shoko raVo neHupo hwaVo zvinogona kuyerera nematiri, kuti vaZviratidze kunyika, ameni, yatichatarisana nayo.

253 Chimwezve chitaurwa, ndave kuvhara. Nyatsoteererai. Mupfuri weNdarama zvino akamira akagadzirira.

254 Munoziva, matombo anokosha anowanikwa munyika, zvinhu zvatinorova pamwe chete. Asi, noziva, kana ukawana imomo, chimwe chinhu chakasanganiswa mariri, dombo iroro rinokosha rauinaro richapamuka. Ngetani haina kusimba kupfuura chibatanidzo chayochisina kusimba.

255 Saka, kana uri kuedza kuva dombo rakachekwa kubva kuna Mwari, chimwe chinhu, uye woona kuti unoedza kuzvikudza zvakananyisa, uye pakati ipapo wakatozomanikidzira nyika mariri, dombo iroro richapwanyika. Harizomiri pamuedzo. Uye, teererai, Mwari havatigamuchire, vanhu vechiPentekosti, patinoisa dzidziso nezvimwe zvose muShoko raMwari. Zvicha...Mwari vacharamba dombo iroro uye vorikavira kune rimwe divi. Ngatiregei kutsvaga zvinhu zvikuru.

Ngatitsvagei Kristu muhupenyu hwedu. Ngatitsvagei kuzvininipisa. Maona?

256 Rangarira, kana dombo racho rakakura, uye uri kuedza kutandavarira kunze, ndizvo zvandinotyia kuti tiri kuedza kuita. Ndiyo nhaurwa yandinayo neveBusiness Men ava. Zvinoita sekunge vari kukura kudarika chimwe chinhu. Uye ini—ini...Ndicho chikonzero ndichivenga ku...Ndi—ndi—ndinoda kutendeka kwamuri, hama. Ndinofanira kuzosangana nemi mhiri uko muKutongwa rimwe zuva. Ndicho chikonzero chechi ichifunga kuti ndinopesana nechechi. Handipesani nechechi. Ndiri...

257 Ko ndingazvibatanidzirei pano nemi? Kana ndaifunga kuti Baptisti iri raiti, Methodisti iri raiti, Presbyteriani iri raiti, ndaizove pamwe navo. Ndiri pano nemi nokuti ndiri kuvibatanidza pano nemi.

258 Asi usaedza kupfuura miganhu yako zvino, kuva chimwe chinhu chausiri. Usaedza kuzviita muhombe, uchizvienzanisa nemumwe munhu, nekuisa zvimwe zvemunyika imomo, kuti muwane dzimwezve nhengo dzakawanda nezvimwe. Chinhu chacho chichanyatsopwanyika kuita zvimedu 2, uye Mwari vachachikandira pamurwi uri uko, kuti chiumbwezve.

259 Vachamutsa vana kubva kune mamwe matombo aya, kuna Abrahamama. Ndizvozvo. Vachazviita. Vachatora muPresbyteriani, vounza chimwe chinhu kubva maari; muMethodisti, kana muBaptisti. Uye zvinoita sekunge Vakatotanga saizvozvo.

260 Muri kundinzwira here, veBusiness Men? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Nokuda bedzi kwekuti takatakura zita rokuti “Pentekosti,” izvozvo hazvina zvazvinoreva kuna Mwari. Kwete, changamire.

261 Pentekosti haisi sangano. Pentekosti chiitiko. Ichadzera chaKristu, paAkatangira paZuva rePentekosti, kuti aZviratidze kubudikidza nevanhu.

262 Uye zvakare vanhu vakatanga kuwedzera nyika. Chii chakaitika? Vakapinda muKanzuru yeNicaea, uye—uye vakaramba vimbiso dzaMwari dziri pachena, ndokuisa dzidziso mazviri. Zvino akatyora chiitiko cheChikristu kuita zvidimbu-zvidimbu, zvino ndokupinda muchiKatorike.

263 Luther akatanga kuvandudza. Zvino akaisamo zvimwe, ndokuputsa chinhu chacho zvakare.

264 MaMethodisti akauya nekucheneswa. Zvino akatanga kuisamo zvimwe, ndokuita zvimwe chetezvo.

265 Uye maPentekosti vari kuita zvimwe chetezvo. Oo! Saka, zvitarisei, munogona kuzviona.

266 “Ko muno...?” Unoti, “Munoziva sei zvinhu izvozvo?” Zvakanaka, rega ndikuudze chimwe chinhu.

“Hama Branham, muri kuporofita here?”

267 Handisi chaizvo kuporofita. Asi kana chiremba akaongorora murwere, anoona zviratidzo zvehurwere, anoziva zvichaitika. Ndiri kuverenga kubva muBhuku raChiremba. Zvino ndinoona zviratidzo zvacho zvehurwere zvichishanda muhechi yePentekosti, uye ndinoziva kwairi kuenda.

268 Zviregei. Siyanai nazvo. Dzokai. Mwari vakubatsirei. Musaenda nenzira iyoyo, vanhu. Hamusi kuona here zvandiri kuedza kuita? Ndiri kupisa hupenyu hwangu, kuti ndiedze kukuponesai kubva muchinhu chohupenzi ichi chamuri kumhanyira machiri. Zuva nezuva, gore negore, ndinozvichema. Uye munofunga kuti ndiri muvengi wenyu. Ndiri hama yenyu. Dzokai. Musaenda nenzira iyoyo. Hamuone here zvakaitika apo vamwe vakaenda nenzira iyoyo?

269 VeBusiness Men, musapinde munzira iyoyo. Zvino muri kunyora mhando dzose dzezvitendwa mumamagazini enyu, uye izvozvo zvinokubatanidzai sesangano sevamwe vose. Munoziva kuti ndizvo zvazvingori. Hamuone here kuti muri kupinda chaimo muchinhu chamanga muchipikisa? Zvino, hamuzondidi, zvichida. Chero kupi. . . Ichokwadi. Nyorai pasi shoko rangu: Tendeukai, kana kuti maparara.

270 Pentekosti, tendeukai, kana kuti matoparara. Dzokai kuShoko. Nguva yapera kupfuura zvamunofunga.

271 Mwari vanoda kuratidza, kwete nhengo, asi matombo echokwadi akakwenenzverwa uye akaumbwa nekugadzirwa. Tarisai. Mupfuri weNdarama amire manheru ano, akagadzirira kubvisa tsvina yese yekupokana, zvose zvinopesana newe. Uye ne. . . Ari pano, akagadzirira kukuumbai nokukugadzirai kuva vatendi, achibvisa kupokana kwose kubva pamuri.

272 Munoramba muchienda, makaona vatevedzeri vakawanda kwazvo vakauya, vachiti, “*Izvi*, uye, Mwari ngavarumbidzwe, ndine *izvi*. Uye, hareruya, ndine *izvi*.” Uye mozoona kuti, havana kana chinhu. Zvino dhiyabhore akazviita, kuti asimudze kupokana mumoyo mako. Waona? Akazviita, aine chinangwa, kuti aite kudaro. Asi rangarirai, izvozvo zvinotaura chinhu chimwe chete, chokuti, pane chechokwadi icho mutevedzeri uyu ari kuedza kuita saicho.

273 Kune Mweya Mutsvene wechokwadi. Kune Mweya waMwari wechokwadi. Kune simba raMwari rechokwadi. Kune Mwanakomana waMwari ari kuZviratidza manheru ano seMweya Mutsvene, kuratidza Hupenyu hwaKe. Amire pano manheru ano pakati penyu, muchimiro cheMweya Mutsvene; kudzvura tsvina yose ichibva mauri, kupokana; nekuratidza kwauri, rumuko rwaKe, kuti haAna kufa. Uye Ari pano kuzokuratidza kuti Ari kurarama, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Ari pano kuti aZvibatanidze nesu. Saka ipapo hatingazvibatanidze naYe here, kuti titende Shoko raKe uye nokuRitora?

274 Ngatinamatei.

[Imwe hama inoporofita—Mupepeti] Girori. Ameni. Ameni. Oo! Ameni.

275 O Ishe Mwari, tinoKutendai kwazvo, Ishe! Tinoudzwa muMagwaro, kuti apo Dhavhidhi, apo muvengi akanga achipinda, uye vakanga vaungana pamwe chete, uye Dhavhidhi akanga achiedza kuvaudza nezvaMwari, pakasimuka mumwe pakati pavo, ndokuporofita ndokuvaudza zvekuita, uye nemaitirwo ekukunda muvengi. Chokwadi, Ishe, tinotenda chinhu chimwe chete ichocho, Mweya waMwari unowira pakati pedu, uye Shoko ndiyo nzvimbo yekukunda muvengi.

276 Ndiro raMakapa Adhamu naEvha, mubindu reEdheni, kuti vakunde muvengi. Zvino Evha paakashandisa pfungwa

paRiri, ndokuratidza kushandisa pfungwa pamwe neShoko, rakaparara, uye chivi chikapinda.

<sup>277</sup> Zvechokwadi, Ishe, ndiko kwakave kuri kuwa kwevanhu, nemumazera, kuedza kupfekedzera chimwe chinhu pamwe neShoko. Sara akaedza chinhu chimwe chete, kupfekedzera chimwe chinhu, kutora Hagari, kuti abereke mwana, asi zvakakundika. Nguva dzose, zvanga zvakadaro, Baba. Ti—tinongoda Shoko reNyu, uye iro roga; pasina chakawedzerwa paRiri, kana kubviswa paRiri, sezvaRingori chaizvo. Uye Muri Shoko rino. Uye tinotenda nokuda kwaizvo.

<sup>278</sup> Ropafadzai vanhu pano, Ishe. Ini zvino, mune hwese husiku nehusiku, ndakaedza kutaura zvinhu izvi, kuti Kuuya kweNyu—kweNyu—kweNyu kwave pedyo. Zvinhu zvose zviri kuumbika nenzira iyoyo.

<sup>279</sup> Uye kubva pachi—chiratidzo, mavhiki mashoma apfuura, chakandituma kuno kuArizona. Handizivi kuti sei. Zvichida kuuya kwangu Kumusha. Handizive. Zvi—zvinoratidzika zvakananyanya kuva saizvo.

<sup>280</sup> Asi, Ishe, regai ndipedze rwendo rwangu ne... uye ndigobata Kutenda, ndichichengeta nguwo dzangu dzisina kusvibiswa, Ishe, nenyasha dzaKristu. Regai ndikwanise kumira pazuva iroro, ndichiti, “Ndakazivisa Zano rose raMwari, sezvandakaRiziva kuti iChokwadi, uye handina kurega kusataura chinhu.” Zviitei.

<sup>281</sup> Dai hama dzangu, Ishe, zvimwe chetezvo, dzabatana pamwe chete uye dzaswedera pedyo, uye dzaziva kuti kurudziro idzi ha—hakusi kutsiura, asi iyambiro, uye kuchenjerera mharadzano. Zviitei, Baba. Sekutaurwa kwazvaitwa kwatiri, kuti, Vachatitonga neShoko iroro reMharidzo. Mwari, regai ndizvitarise, uye, ndinonyara nazvo, Ishe, muchiringiro cheShoko raMwari.

<sup>282</sup> Ini ndichirwira, “Uye zvechokwadi, ndichirwira kwazvo Kutenda kwakambopihwa kuvatsvene,” sezvakataurwa naJudhasi kuti tinofanira kuita. Uye takavimbiswa, kuti, “Mumazuva ekupedzisira, Kutenda uku kwemadzibaba kwaizodzoreredzwa zvakare, paKutenda kwepakutanga kwepentekosti.” Makazvivimbisa, muna Maraki 4. Makataura kuti zvaizoitika. Uye, Baba, ngative takatarisa, uye maziso edu—edu akanyatsozaruka, uye tisazozvipotsa, sezvavakagara vachiita mumazera ese. Asi dai meso edu azaruka, kuona Jesu Kristu apo Achiratidzwa mukubwinya kwaKe pakati pevanhu vaKe vakaninipa, kubuditsa vanhu, kubva muMarudzi aya, nekuda kweZita raKe. Zviitei, Ishe.

<sup>283</sup> Ropafadzai ungoro ino zvino. Ndataura kwenguva refu. Ishe, handikwanise kukumbira ruregerero (nekuti, ndanzwa kuda kutaura zvandataura), nekuramba ndakavachengeta kwenguva yakareba. Asi ndinoKutendai nokuda kwevarume

nemadzimai, nhasi, vano—vanogona kumira, nekumonyoroka, ne—nekuedza kuisa tsoka dzavo—dzavo pasi, uye voteerera Mharidzo. NdinoKutendai nemachechi akadai, ayo anovhura musuwo oti, “Pindai. Tidzidzisei. Kana kuti, paridzai pamwe nesu. Tibatsirei.” Mwari, ndinoKutendai nokuda kweaya.

<sup>284</sup> Uye ndinoKutendai nenzvimbo yezororo, zvakare, yenyika yezvemabhizimu, veBusiness Men ava. Ishe, dai nguwo dzavo dzagara dzisina kusvibiswa nezvinhu zvenyika. Zviitei. Iitei kuti ive nzvimbo inoponeswa mweya, Ishe, kuti—kuti pamwe, pane imwe nzvimbo vanhu vasingaendi kucheche, vanoenda kunonzwa vanhu vemabhizimu vachitaura. Uye dai hupenyu hwavo—hwavo hwanyatsova munyu nenyasha dzaMwari, nekuzvininipisa kweMweya waKe, kuti—kuti nyika ishuvire kuva mhando yevarume ivavo. Zviitei, Ishe. Tiropafadzei zvino, pamwe chete.

<sup>285</sup> Ishe, tiregerereiwu pakukundika kwedu. Regereraiwo zvivi zvedu, uye itai kuti makwara emoyo yedu azaruke. Dai Mambo weKubwinya afamba pakati pedu zvino, kana tawana nyasha pamberi peNyu, nokutendeuka pakukanganisa kwedu. Pasina kupokana, moyo wangu watendeuka, imwe moyo mizhinji yatendeuka. Uye kana tawana nyasha, Ishe, tiumbei zvino.

<sup>286</sup> Chenesai temberi dzedu, kuti Shoko raMwari mupenyu rigogara pakati pedu nekuratidza kuti Jesu Kristu haana kufa. Haasi muvambi akafa saMohammed, kana—kana Buddha, kana mamwe mapoka anotenda zvakatsauka. Iye mupenyu, munguva ino zvino, Jesu akamuka. “Mupenyu nokusingaperi, uye haachazombofa zvachose,” uye akatipa Hupenyu Husingaperi, uye akaZviratidza pakati pedu. Uye isu, Ishe, tichiratidza nyasha dzaKe kune vamwe.

<sup>287</sup> Tibatsirei, Baba, sezvaMakavimbisa mumazuva ekupedzisira zvaizoitika, sezvazvaingova mumazuva aRoti. Dai isu, sevaya vakabva kuEmausi, taenda kumba manheru ano, tichifara kwazvo, nokuti tinoKuonai muchiita chimwe chinhu sezvavakaKuonai muchiita mushure mekunge Mamuka kubva kuvakafa; ndokuziva kuti ndizvo zvimwe chete zvaMakaita Musati mafa, zvino vakabva vaziva kuti Maive mamuka. Zviiteiwo, Baba. Tinokumbira nemuZita raJesu. Amen.

<sup>288</sup> Zvino, zvino, nda—ndataura kwenguva refu. Asi, izvi, handizive kana Vachizoita izvi. Handizivi kana Vachazviita. NdichangoVakumbira chete. Ndinotenda, kana ndikaisa hupenyu hwangu pano ku...panjodzi, kumira neShoko iri, zvino, kuziva kwangu kwese.

<sup>289</sup> Handisi munhu asina chivi. Ndine zvakananda zvakanemba pandiri. Asi, awa yega-yega ndinozvireurura, nguva dzose. Pandinoona kukanganisa kwangu, zvino ndinobva pakuri, ndoedza kuita izvo zvakanaka. Handingaedzi kuenda Kudenga nekukodzera kwangu. Handingambosvikako.

Ndiri kuvimba zvizere muna Jesu Kristu. Ndiye Ruvimbo rwangu. Ndi—ndi—ndinotenda maAri. Handingaedzi kupinda nokuti ndiri hama yechiPentekosti. Ini—ini handingapinde nekukodzera kwePentekosti. Ndinopinda nekukodzera kweRopa raJesu Kristu. Akandifira.

<sup>290</sup> Uye ndizvo zvandinoda kuti muvimbe nazvo, kukodzera kwaKe. Uye zvino unoziva sei kuti uri kusvika ikoko? Ndipo apo Shoko rose riri, unoRitsigira ne, “Ameni. Ameni.” Nokuti, IShoko pachezvaRo riri kuedza kuZvisimbisa. Zvino kana tikaramba Shoko iroro, ko RingaZvisimbisa sei?

<sup>291</sup> Zvino, Jesu akati, “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaitawo.” Ndizvo here? Uye zvakare Akati kudii muna Johane 5:19? “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, Ndinoti kwamuri, Mwanakomana haana chaanogona kuita pachaKe, asi izvo zvaAnoona Baba vachiita.”

<sup>292</sup> Akapfuura nepadziva reBhetesdha. Paive parere mhomho yevanhu, pamwe vanopfuura zvakapetwa ka 20 kana ka 30 pane vari muchivakwa chino manheru ano. Pane vanhu mazana 4 kana 5, zvichida, vagere pano manheru ano. Handizivi, asi panogona kunge paive nevakawanda kudaro. Asi pamwe pane zviuru. Ndinonzwisiswa kuti “mhomho” yaizowanda kuita zviuru. Zvino, vakarara ipapo, nemhetamakumbo, vakaoma mitezo, mapofu, vakaunyana, Akapodza murume mumwe chete, nokuti Aiziva kuti murume iyeye akanga akadaro. Baba vakanga vaMuratidza. Maona? Akasiya vamwe vose. Maona? Zvino Akazobvunzwa izvozvo.

<sup>293</sup> Asi Bhaibheri rakati, mushure mekufa kwaKe, kuvigwa, nekumuka, kuti, manheru ano, “Iye Muprisita Mukuru.” Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Munotenda here kuti Achiri mupenyu? [“Ameni.”] Uye iYe Muprisita Mukuru here anogona kubatwa nemanzwiwo ehutera hwedu? [“Ameni.”] Saka, kana Ari Muprisita Mukuru mumwe chete, maringe naVaHebheru 13:8, zvino Anozoita nenzira imwe cheteyo. Ndizvo here?

<sup>294</sup> Zvino dai tachenesa moyo yedu kubva kuchivi chose. Dai tareurura kukanganisa kwedu. Dai tareurura kusatenda kwedu, kuti takakanganisa, uye toti, “Ishe Jesu, hepano pandiri. Ndine chandiri kuda, manheru ano. Zviratidzei muhupenyu hwangu. Ndipeiwo kutenda kwaiva nemudzimai uya, akabata nguwo yeNyu.”

<sup>295</sup> Zvino ndichati, “Ishe Jesu, ndakamira neShoko reNyu.” Ndiko kwaiva kutumwa kwangu, “Paridza Shoko.” Ndakamira naRo. Ndi—ndinoda kufira paRiri. Uye ndaka—ndakamira ndikaita zvimwe zvinhu zvakaomarara, nokuda kweShoko, ndokugara ipapo, asi Anogara achiRisimbisa.

<sup>296</sup> Zvino ndiri kuvimba naYe kuti asimbise Shoko iroro. Ngarikandire...NgaAyerere nematiri manheru ano, patiri kunamata.

<sup>297</sup> Vangani vari muno vanorwara, vane zvavanoda, vane chavanonyatsoda? Simudza maoko ako uti, “Ndini, Ishe. Ndinotenda, Ishe.”

<sup>298</sup> Ndinoda kuti munyatsoteerera, nekutapira kwamunogona nako, kwechinguva chidiki.

<sup>299</sup> Kana, mushure meMharidzo ino, uye Kristu oZviratidza muvanhu, nekuona kuti mumwe mweya unonzwisa urombo une kutenda kwakakwana kwekubata hanzu yaKe, uye ndogona kuzvipira kuMweya waKe, uye ndoziva kuti uyu ndiwo Mweya Mutsvene! Zvino, kana uri nhengo yechimwewo chinhu chisiri cheboka rinotenda iZvi, zvino ndaizouya uko kwavanotenda Chokwadi. Maona? Ndaizodaro. Zvirokwazvo ndaizodaro. Ndaizotenda, nokuti Mwari vari kuZvzivisa. Usazvibanidzwe zvino nevaFarisei neavo vasingatendi, avo mapofu, nekuti Jesu akati havazoMuonizve. “Asi imi muchaNdiona, nokuti Ndichava nemi. Ndichava mamuri. MuchaNdiona.” Saka, kana Ari Muprisita Mukuru mumwe chete iyeye, ndiyo nzira yaungaMuona nayo, nekuZviratidza nenzira imwe cheteyo yaAkaita nayo kareko. Ichokwadi here? Zvakanaka.

<sup>300</sup> Zvino, tendai nemoyo wenyu wese. Ivai nekutenda. Usapokana, uchinamata, uye zvakare ticha—tichaona zvaAtaura. Zvino, chingotenda nemoyo wako wose.

<sup>301</sup> Zvino, Mwari Baba, ndataura nezveNyu uye ndichitsigira Shoko reNyu. Ndaziita nenzira yakapamuka-pamuka, Ishe, yandinoziva, asi ndiyo yakanakisisa yandinoziva. Mavhiki 2 ese aya, ndakaramba ndakagara naRo, Ishe. Hupenyu hwangu hwese, ndakaedza kugara naRo. Zvino, Ishe, remekedzai Shoko reNyu manheru ano pano, apo rumutsiro rwuri kupera. Ngazvivikanwe, Ishe, kuti kana tikamira neizvo zvakarurama, zvakarurama zvichatimirira. Zviitei, Ishe. Kuti tinotenda, kuti Makava isu, kuti mutore chivi chedu; kuti tigova iMi, vanakomana vaMwari, kuratidza Shoko raMwari, rakasimbiswa, rakaratidzwa kubudikidza nehupenyu hwedu hweshumiro yaMakatipa. Zviitei, Ishe. Tinozviunza kwaMuri zvino nemuZita raJesu Kristu. Amen.

<sup>302</sup> Zvino chingovai nekutenda. Musapokane, asi—asi tendai nemoyo wenyu wese zvino. Muri kutenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Munhu wese tenda. Zvino, usapokane. Chingonamata, iwe pachako. Iva nekutenda zvino. Usapokane, zvachose. Zvidzikamise zvino. Teerera zvinotaurwa neMweya kwauri. Iva nekutenda muna Mwari. Iva nekutenda muna Mwari.

<sup>303</sup> Magonditarisa nekuperera kwakadaro nei? Munonditenda here kuti ndiri muranda waKe? Handikuzivei. Handisati

ndambokuonai, asi mungori mudzimai akagara ipapo makanditarisa. Hausi hurwere chaizvoizvo hwaari kunetseka pamusoro pahwo. Ari kunetseka pamusoro pemumwe munhu. Musikana wechidiki. Achangoshaikwa. Akabva kumba. Anongori musikana, musikana wezera rekuyaruka. Izvi zvakarongwa kwenguva yakareba. Kusvika pari zvino, handioni njodzi kwaari. Ivai nekutenda. Tendai Mwari, Vachamutumira kumba kwamuri.

<sup>304</sup> Chii chaabata? Zvino, munoona mudzimai wacho. Handina kumbobvira ndamuona muhupenyu hwangu. Iye, mutsva, zvachose.

<sup>305</sup> Heunoi mudzimai akagara kumashure *kuno* chaiko, maziso akavharwa, achinamata. Ari kutambura nedambudziko re—rechikamu chezasi cheura, uye mahemorrhoid. Ari kutambura nedambudziko remwoyo. Ari kuzozvipotsa. Mwari, tibatsireiwo. Muzvare Willingham, tenda kuna Ishe Jesu Kristu. Zvino zvigamuchire.

<sup>306</sup> Zvino bvunzai mudzimai wacho. Tiri vatsva zvachose. Unoti, “Madaidza zita rake.”

<sup>307</sup> Handiti, Jesu haana here kuudza Simoni, “Zita rako ndiSimoni. Uri mwanakomana waJonasi?” Ingova nekutenda muna Mwari. Munozvitenda here?

<sup>308</sup> Zvino chiperera. Tenda. Usapokane. Chingoisa pfungwa yako pana Mwari, uye—uye uVatende.

<sup>309</sup> Ari kuitei? Ari kuZvizivisa. Ari kuZviratidza. Zvino, kana usingafunge kuti zvakanaka, ndinokukumbira kuti uuye papurupiti woita zvimwe chetezvo.

<sup>310</sup> Pane mudzimai mu—mudiki. Akagara kumashure kuno aine shawero pamusoro wake. MuSpanish. Uye ari kunamatira mwanasikana. Mwanasikana iyeye haagari kuno. Iye zvino aisa maoko ake kumeso kwake. Uye ari. . . Mwanasikana uyu anogara uko kune mvura zhinji, uko gungwa rinoomba, muSan Diego, California. Uye ane tsinga dzemumakumbo dzakazvimba nezvimwe zvakangovhiringika, uye ari pedyo nekukanganisika njere. Munotenda here kuti munamato wenyu zvino wabata mupendero wehanzu yaKe, hanzvadzi yangu yechiSpanish, uye mwanasikana wenyu achapora? Kana muchidaro, simudzai ruoko rwenyu muzvigamuchire. Zvakanaka, munogona kuva nazvo. Patojeka ipapo pamuri zvino. Musapokana. Tendai.

<sup>311</sup> Zvakukatyamadzai, handizvo here, mudzimai, akagara apo? Maisa ruoko rwenyu pamhuno yenyu, ndokupukuta kumeso kwenyu zvino; mukataura chimwe chinhu mhiri kwenzira yepaki pezvigaro; akapfeka bhachi rebhuruu, akagara apo. Hongu. Zvakanaka. Kana mukatenda nemoyo wenyu wose, zvino moyo iwoyo uchatwasuka uye hamuzove nerimwezve dambudziko remwoyo ramanga muri kutambura naro. Kana zviri izvo, simukai netsoka dzenyu, kungopupura kuti

ichokwadi. Ndiri mutsva kumudzimai uyu. Ameni. Munotenda here? Zvirokwazvo. Uh-huh. Garai muchitenda.

<sup>312</sup> Ndinooona, uye angave murume wezera repakati nepakati. Muri kuona here Chiedza icho, emba, chakaremba apo chaipo, chichiswedera pamusoro pemuchinda uyo? Zvino ari kunamata. Akatsikitsira musoro wake. Zvino pane chimwe chinhu chichangobva kutaurwa, chamukwezva kuti anamate. Nokuti, anobva kuCalifornia, zvakare, sezvangotaurwa. Asi anobva kuFresno, California. Anotambura neasthma. VaKorol, kana mukatenda nemoyo wenyu wese, munogona kuenda kumba monopodzwawo, zvakare. Ameni. Zvitende zvino. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. Tiri vatsva here? Simudzai ruoko rwenyu. Zvakanaka.

<sup>313</sup> Munotenda here? Chii chatwa nemurume uyo? Abata Jesu Kristu. Ari mafiti 30 kubva pandiri.

<sup>314</sup> Ndinokudenhai, muzita raJesu Kristu, kutenda kuti Mharidzo ino yeMweya Mutsvene mumazuva ano ekupedzisira ndiyo kupfigwa kwenhoroondo yenyika. Ndinokudenhai kuti mutende kuti nda—ndaIdzidzisa kwamuri manheru ano. Munotenda kuti Mwari vakandituma. Iremekedzei. Uye zvino, musandiremekedza, asi remekedzai zvaVakanditumira, Shoko raVo, uye Mwari vachachipa, chikumbiro chako. Handikwanise kuVaita kuti vazviite, asi kana mukatenda.

<sup>315</sup> Pano, tarisai pano. Hamusi kuChiona here? Tarisai pano, Chiedza chiri *pano* chaipo. Chiri pamusoro chaipo pemudzimai uyu akaita sekuti simbei akagara pano. Handizive mudzimai uyu. Handisati ndambomuona muhupenyu hwangu, asi ari kurwara. Ari kutambura. Akambenge ari kuna chiremba, uye, chimwe chinhu, ongororo yakaratidza kuti chaive muura. Zvakada kuita semaronda. Kwete, chiremba anoti maronda ari muura. Ndizvozvo. Ndizvozvo. Hamusi vekuno. Muri kuno kuzoshanya. Ndizvo here? Simudzai ruoko rwenyu. Munobva kuMichigan. Ndizvozvo. Muri kuno kuzoshanyira mwanakomana, uye ari mune imwe mhando yebhizimu reredhiyo yeimwe mhando. Zita renyu ndiMai Erb. Ivai nekutenda muna Mwari. Endai kumba muzviwane nenzira yamunozvida, kana muchitenda nemoyo wenyu wese.

<sup>316</sup> Unotenda here? Wagadzirira here kuti tsvina yekusatenda ibviswe mauri? Unotenda here kuti unogona kuona Kristu achiZviratidza, mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi? Ndiye Mwari. Munozvitenda here? Itai, “Ameni” kana muchizvitenda. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

<sup>317</sup> Zvino isai maoko enyu pamusoro pemumwe nemumwe. Ndichakuratidzai Shoko raKe, kana muri vatendi. Akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara vachapora.” Isai maoko enyu pamusoro pemumwe nemumwe zvino.

<sup>318</sup> Vhara maziso ako. Kotamisa musoro wako. Namatiranai. Iwe namata. Handisi ini. Iwe namata. Kristu, ari pakati penyu kunze uko!

<sup>319</sup> Baba veKudenga, muZita raIshe Jesu, dai Kristu akaratidzwa muhupenyu hwose pano manheru ano. Uye podzai vanorwara, Ishe. Tinodzinga dhimoni rose rekusatenda, kuti Chechi yepentekosti ione kuratidzwa kwaJesu Kristu muhupenyu hwavo, sekuzviona kwavaita manheru ano. 🕊

63-0123 Kucherechedzwa  
First Assembly Of God  
Phoenix, Arizona U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)